ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№31 (22.189) ● 2012 гъэм мазаем (февралым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсен УФ-м Нэгъуэщ I къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм и дамыгъэр кърат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Урысей Федерацэм Нэгъуэщ I къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм и «Дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм куэд зэрыхищIыхьам папщIэ» бгъэхэIу дамыгъэр къыхуагъэфэщащ. Абы теухуа унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ министр Лавров Сергей.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсхэм жыджэру зрегъэужь нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ къэралхэмрэ экономикэм зэрыщыдэлажьэм. Нэгъабэ и закъуэ КъБР-м иригъэкIуэкI къэрал щIыб сатум хуэдитIым нэблагъэкIэ хигъэхъуащ икIи ар доллар мелуани 161,67-м нигъэсащ. Республикэр лэжьыгъэкIэ нэхъ зыпыщIахэм ящыщщ Германиер, Нидерландхэр, Чехиер, Польшэр, Италиер, Китайр, Франджыр, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр, СНГ-м хиубыдэ къэралхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ГъукIэлI Юрэ

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ГъукIэлI Юрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIЫР щригъэблэгъам, КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хьэщIэм иритыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам икIи илъэс куэдкIэ хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ езым и УказкIэ абы цIэ лъапIэр зэрыфIищам щыхьэт техъуэ бгъэхэIумрэ тхылъымрэ.

КПСС-м и ЦК-м и унафэкIэ Налшык полупроводник Iэмэпсымэ заводым и Iэтащхьэу щагъэкIуам, 1979 гъэ лъандэрэ ГъукIэлI Юрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэрт. А IуэхущIапIэрщ республикэм щынэхъ ин дыдэ «Элькор» зэгухьэныгъэр къыщыунэхуар. ЩIэныгъэлIыр я пашэу къэралым дежкIэ зихуэдэ щымыIэ промышленнэ предприятэхэр къызэIуахащ, инженер-техникэ лэжьакIуэ Iэзэхэр ягъэхьэзыращ, республикэм и цIыхухэм папщIэ IэнатIэ мин 19 къызэрагъэпэщащ. Зэгухьэныгъэр езым хуэдэ предприятэхэм я деж щынэхъыфI дыдэхэм ящыщт, Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленнэ продукцэу къыщалэжьым и Iыхьэ щанэр абы къитырт.

ГъукIэлI Юрэ техникэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Инженер щIэныгъэхэмкIэ академием и действительнэ членщ, лазер технологиер къигупсысу промышленностым зэрыхипщам папщIэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 50-м щIигъу, и къэхутэныгъэхэм я щыхьэт тхылъу 26-рэ иIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Путин Владимир и тхыгъэр къэкIуэнум хуэгъэпсащ

Путин Владимир къытрыригъэдза «Захуагъэр зэтегъэувэн. Урысейм папщIэ социальнэ политикэр» зи чэзу тхыгъэр, сэ къызэрыслъытэмкIэ, адрейхэм нэхърэ нэхъ убгъуащ икIи зэманым фIэкIыпIэ имыIэу къигъэув Iуэхухэм яхуэгъэпсащ. Абы къыщымынэжу, тхыгъэм и мыхьэнэр нэхъри къеIэт цIыхумрэ ар псэун папщIэ зыхуейхэмрэ увыпIэ нэхъыщхьэр зэраIыгъым.

Тхыгъэр къэрегъэжьэ иджыпсту егъэлеяуэ гулъытэшхуэ зыхуэщIыпхъэ Iуэхумкlэ - демографие политикэмкIэ. Къэралым и фIыгъуэ нэхъыщхьэр цIыхухэрщ икIи Путиным занщIэу нэрылъагъу къещI къэкIуэну зэманым хуэунэтIауэ къэралым зэфIигъэкIынухэр: къалъхухэр нэхъыбэ щIыным, сабиймрэ анэмрэ къащхьэщыжыным хуэгъэза Iуэхухэр япэ зэрырагъэщы- нур. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, Урысейм щыIэ демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр тэмэму холэжьыхь. КъБР-р сабий цIынэхэм ящыщу нэхъ мащIэ дыдэ щылIэж щIыналъэхэм яхэтщ. Апхуэдэхэр къалъхуагъащIэу миным ятещIыхьауэ 6,2-рэ хъууэ аращ икIи дэ нэхърэ зи Iуэху нэхъыфIыр Санкт-Петербург къалэм и закъуэщ. Дэ адэкIи дгъэзэщIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьынымкIэ Концепцэр икIи демографием и лъэныкъуэкIэ диIэ ехъулIэныгъэхэр щIэдгъэбыдэнущ.

Абыхэм къадэкIуэу, гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр зыхуэдэри. Дэтхэнэ къэралым и дежкIи социальнэ IэнатIэм хиубыдэ къалэн нэхъыщхьэщ цIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр. Мы IэнатIэм нобэм ирихьэлIэу щызэфIагъэкIахэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ «Узыншагъэр хъумэныр» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэр, зэрыщыту IэнатIэр къызэрагъэщIэрэщIэжыр. Ауэ дяпэкIэ лэжьыпхъэхэр нэхъыбэж мэхъу. ЩIыналъэхэр къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щапхъэм наIуэ къыпщещI узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэр къызэрызэтрагъэнар, абы зэрызрагъэужьар, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я рынокыр зэрызэтрагъэувар. Зыужьыныгъэ игъуэтащ фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и IэнатIэми. Республикэм и щIыналъэм щрагъэкIуэкI медицинэ лэжьыгъэм и фIагъым кIэлъыплъыныгъэ тэмэм игъуэтащ. ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэным и правовой лъабжьэ къызэрагъэпэщащ.

Ауэ къэралым щекIуэкI жылагъуэ-политикэ, экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм къагъэув узыншагъэр хъумэным зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэм зегъэхъуэжын, дэтхэнэ зы цIыхуми и узыншагъэр ихъумэжынымкIэ илэжьхэр нэхъыбэ ищIын хуейуэ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм къыбгъэдэхуэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэр зэрыдагъэкI щIыкIэм къигъэлъэгъуащ IэнатIэ нэхъ къыкIэрыхухэм зыкърагъэIэтыжын папщIэ ахъшэмрэ мылъкумрэ зэщIэгъэуIуэн, пэщIэдзэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэмрэ хэхауэ узыфэ щхьэхуэр гъэхъужыным елэжь медицинэмрэ зегъэужьын зэрыхуейр. Сызэреплъымкlэ, сыт хуэдиз къару а IэнатIэхэм иумыхьэлIэми лей хъунукъым. Дэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ нэс дгъуэтыну дыхуеймэ, къыщыщIэдзапхъэр дохутырхэр зэрырагъаджэ щIыкIэм кIэлъыплъыныршц.

Путин Владимир Iуэхум а и лъэныкъуэми тепсэлъыхьыну къыщыгъупщакъым. Зы лъэныкъуэкIэ абы и гугъу ещI зэрырагъаджэ программэхэр, зэрыщыту зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэн, абы къыдэкIуэу IэнатIэм и лэжьакIуэхэр Iуэхум зэрытрагъэгушхуэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейм. «Егъэджакlуэхэмрэ дохутырхэмрэщ, еджагъэшхуэхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэщ жылагъуэм зэпIэзэрыту зиужьыныр къызэзыгъэпэщыр, жылагъуэ зэхэтыкIэм и лъабжьэр», - къыхегъэщхьэхукI Путин Владимир. Сэ ди пашэм апхуэдэ и псалъэхэмкIэ нэсу сыакъылэгъущ. Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным я IэнатIэхэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъи щебгъэкIуэкI щыхъунур апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я хьэкъкIэ цIыхухэм лэжьапщIэ тэмэм къаIэрыхьэмэщ.

Адрей щIыналъэхэм я унафэщIхэми ещхьу, къэралым щекIуэкI сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэри сэ къызэрыслъытэр сыщылажьэ щIыналъэм и Iуэху зыIутымкIэщ. Ди республикэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и дежкIэ «Егъэджэныгъэм и урысей системэр къэгъэщIэрэщIэжыныр» проектыр ди субъектым япэ илъэсхэм щагъэзэщIа проектхэмрэ программэхэмрэ я къыкIэлъыкIуэ Iыхьэу увэщ. ЗэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъуэхэр екIуэкIащ: ирагъаджэ цIыху бжыгъэм тещIыхьауэ IуэхущIапIэхэм ахъшэ хуаутIыпщу щIадзащ, улахуэр зэрат Iэмалыщlэхэр зэхалъхьащ, егъэджэныгъэм и IуэхущIапIэхэм я зэхэлъыкIэр ягъэтэмэмащ. Дэтхэнэ егъэджакIуэри нэхъ зытегузэвыхь Iуэхум – лэжьапщIэм и гугъу пщIымэ, абы и лъэныкъуэкIэ дэ мардэу дгъэуващ республикэм и экономикэм ику иту къыщахь улахуэр. Нобэ ди егъэджакIуэхэм ику иту сом 13.685-рэ къаIэрохьэ, сабий садхэм я гъэсакIуэхэм я лэжьапщIэр сом 7.073-м щегъэжьауэ сом 9.700-м нэсу къаIэтащ.

Путин Владимир и тхыгъэм IупщIу къыщегъэлъагъуэ иджыпсту урысей бизнесым иIэ щытыкIэр. Абы еубзыху бизнес мыинымрэ курытымрэ нэхъри езыгъэфIэкIуэну Iэмалхэр. Премьерым пыухыкIауэ къыхелъхьэ цIыху куэдым зэдай, хэхауэ зы унафэщIым IэщIэмылъ корпорацэхэр къызэгъэпэщыпхъэу. Апхуэдэ IэнатIэхэр коррупцэмрэ къулыкъущIэхэм я щхьэзыфIэфIагъымрэ нэхъ тэмэму пэщIэтыфынущ. Бизнесым хыхьэгъащIэхэм я дежкIэ ар узыщыгугъын хэкIыпIэу зэрыщытымкIэ сэ нэсу сыакъылэгъущ. Хьэрычэт Iуэхум куэд мыщIауэ еувэлIахэм я гугъу пщIымэ, ахэр дэIэпыкъуэгъуншэу утыкум къибнэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дэ ди къалэнщ абыхэм чэнджэщ пэжхэр еттыну икIи гъуэгу тэмэмым тедгъэувэну. Мыбы и лъэныкъуэкIэ сэ щапхъэу къэсхьыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхубэ хозяйствэмрэ экономикэмрэ папщIэ лэжьакIуэхэр егъэджэнымкIэ президент программэр хьарзынэу зэрагъэзащIэр. А программэм ипкъ иткIэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ нэгъуэщI къэралхэм щыIэ еджапIэ нэхъыфIхэм лэжьэкIэм зыщыхуагъасэ. Проектыр сэбэп мэхъу унафэщI ныбжьыщIэхэм я IэщIагъэм хагъэхъуэнымкIэ, ахэр къулыкъукIэ дэкIуэтеинымкIэ.

Путин Владимир жэуап ирет хэхакIуэхэр зыгъэпIейтей упщIэ куэдым. Псалъэ хэIэтыкIахэр мыхъуу, егупсысауэ, лъэныкъуэ псори къэлъытауэ унафэщIым зэпкърех гугъуехь пыухыкIахэр.

Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, гуащIэдэкIыр хъумэным я гугъу щищIым деж, Путин Владимир зэпымыууэ ефIакIуэ, псэуныгъэм хуэщIа къэрал къызэригъэпэщыну зэримурадыр и дэтхэнэ псалъэми къыхощ. Ауэ абы папщIэ субъект щхьэхуэхэм я унафэщIхэми ди къалэнщ дэтхэнэ зы цIыхуми къэралым и жьауэм зэрыщIэтыр зыхищIэн хуэдэу дылэжьэну. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, Путин Владимир и тхыгъэр къэкIуэну зэманым хуэгъэпсащ.

● Нобэ

Хэкупсэ телъыджэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен фокIадэм и 22-м илъэс 55-рэ ирокъу

Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шытхьэлэ къуажэм 1957 гъэм мазаем и 22-м къыщалъхуащ. Абы 1981 гъэм къиухащ ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ Плеханов Г. В. и цIэр зезыхьэ институту Москва къалэм дэтым и сату-экономикэ факультетыр. 1981 - 1983 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1987 гъэм Москва къалэм къыщызэригъэпэщащ «Кодекс» сату кооперативыр.

1991 гъэм Къанокъуэ Арсен къызэIуихащ сатум, банк Iуэхум, инвестицэ IэнатIэм, ухуэныгъэм елэжь «Синдика» холдинг компаниер.

1996 гъэм щегъэжьауэ 1998 гъэм нэсыху «Центро-Кредит» АКБ» акционер обществэ зэхуэщIам и акционеру щытащ икIи директорхэм я советым хэтащ. 1998 - 2003 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу УФ-м и Президентым деж зэпымыууэ щыIэм и къуэдзэу лэжьащ.

2003 гъэм и дыгъэгъазэм Къанокъуэ Арсен ЛДПР-м и федеральнэ спискэмкIэ хахащ УФ-м и Къэрал Думэм и еплIанэ зэхуэсыгъуэм и депутату. Зы илъэс дэкIри, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм хыхьащ. «Урысей зэкъуэт» партым и Ипщэ зэзыгъэуIу советым и зэгъэуIуакIуэм и къуэдзэу, Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ, Къэрал Думэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и къэрал комиссэм хэтащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм деж

Уи пщIэм хэхъуэ зэпыту куэдрэ упсэуну!

КъБР-м и Iэтащхьэу пщIэ зыхуэтщI!

Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ, «Карпак-Н» фирмэм, «Борэн Текстиль» ООО-м я лэжьакIуэхэр я гуапэу къохъуэхъу илъэс 55-рэ узэрырикъумкIэ.

Уи IэнатIэ гугъум уи гумрэ уи псэмрэ етауэ узэрыпэрытыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефIэкIуэн, абы и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зауэжьын папщIэ, Уэ уи гуащIи уи зэмани узэремыблэжыр махуэ къэси ди нэгу щIокI. Лъэпкъыбэу зэхэс, зи щIыуэпсрэ хабзэкIэ щIыналъэ куэдым ефIэкI ди лъахэм и зэIузэпэщыгъэм, абы и мамырыгъэм узэрытелажьэрщ, ди нэхъыжьыфIхэм, къэкIуэнур зей щIалэгъуалэм яхуэпщI гулъытэрщ ди цIыхухэм Уэ пщIэшхуэ къыщIыпхуащIыр, фIыуэ укъыщIалъагъур. КъБР-м и УнафэщIу узэрылажьэрэ куэд пхузэфIэкIащ, нэхъыбэж уи къарум къызэрихьынури ди фIэщ мэхъу – абыкIэ республикэм ис дэтхэнэри къыпщогугъ, дунейм щикъухьа хэхэс адыгэхэри гулъытэншэ зэрумыщIынур наIуэ тщыхъуащ.

Узыншагъэ быдэ уиIэну, уи мурадыфIхэр, гуращэ дахэхэр къохъулIэну, цIыхубэм уазэрыхуэхъуапсэр нахуапIэ хъууэ абы ущыгуфIыкIыну ди гуапэщ. Уи зэфIэкIрэ уи ехъулIэныгъэкIэ лъэпкъым и дамыгъэ ухъуащи, уи пщIэм хэхъуэ зэпыту куэдрэ упсэуну дыпхуохъуахъуэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфlыцlэ Мухьэмэд,
«Карпак-Н» фирмэм и унафэщI Сэбаншы Назми,
«Борэн Текстиль» ООО-м и тхьэмадэ Шыкъ Борэн.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЦIыхухэр екIуалIэмэщ хэхыныгъэхэр тэмэму щекIуэкIынур

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ законхэр къыдэзыгъэкI органым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан.

А ЗЭIУЩIЭМ Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэр Урысей Федерацэм и Президентымрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм хэтыну депутатхэмрэ зэрыхахынум зэрыхуэхьэзырым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав.

Абы зэрыжиIамкIэ, дызыхуэкIуэ хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къыдэкIуэу, щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13, участкэ хэхакIуэ комиссэу 356-рэ йолэжь. 2012 щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хэхакIуэ 526958-рэ щатхащ.

Доклад зыщIам къызэригъэлъэгъуамкIэ, гулъытэ хэха хуащIынущ ныкъуэдыкъуэхэм Iэ яIэтын папщIэ зыхуеину Iэмал псори къахузэгъэпэщыным. Къапщтэмэ, зи нэм имылъагъухэм езыхэм бюллетенхэр ятхыжыфын папщIэ, зыхуеину трафаретхэр хэхыпIэ участкэу 12-м яIэщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Iуэхур и пIэм икIам и закъуэкъым

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар мазаем и 21-м иригъэкIуэкIащ Сирием щыпсэу адыгэхэм ящыщу Хэкужьым къэкIуэжыну хуейхэм я Iуэху зэрыхъунум щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Абы и пэщIэдзэм Чеченовым журналистхэр щыгъуазэ ищIащ Сирием щытыкIэ гугъу къыщихута адыгэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ Федерацэм и Советым иджыблагъэ зэIущIэ зэрыщекIуэкIам. Сирием щыпсэуми, Урысей Федерацэр я адэжь щIыналъэу зыбж, Кавказым къэзыгъэзэжыну хуэпабгъэ адыгэхэмрэ адрей кавказ лъэпкъхэм къахэкIахэмрэ зэрадэIэпыкъуну Iэмалхэм УФ-м и Правительствэр мэлъыхъуэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«ФЕДЕРАЦЭМ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ и жэрдэмкIэ екIуэкIа зэIущIэр къэралым и унафэщIым къалэн къыщищIауэ зэрыщытыр наIуэт, - къыхигъэщащ Чеченов Ануар. - Гуапэу къызэрытпежьами, дэтхэнэ зыми и гупсысэр хуиту утыку кърилъхьэфын хуэдэу лэжьыгъэр зэриухуами уи фIэщ ящIырт Урысей Федерацэм и Правительствэр Iуэхум и фIэщу и ужь зэрихьар, ди лъэпкъэгъухэм ядэIэпыкъун мурадри жыжьэ игъэIэпхъуэнухэм зэращымыщыр».

ЗэIущIэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар Адыгэ Республикэм и Парламентым, ДАХ-м, адыгэхэр зэрыс республикэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуагъэза лъэIу тхылъырщ. Кавказ зауэ нэужьым зи Хэку зыфIэкIуэда адыгэхэми адрей кавказ лъэпкъхэм щыщхэми урысейхэм я хэкуэгъуу зыкъалъытэж, ауэ къэкIуэжыну хуейхэм а хъуэпсапIэр зрагъэхъулIэфыркъым, Iуэхум пыщIа щхьэусыгъуэ куэдым я зэранкIэ. Сирием и унафэщIым еникъуэкъуу зыкъэзыIэтахэм къэралым и хабзэм ебакъуэу зи мыхьэл адыгэхэр ямылейуэ къызэрыхагъэзыхьым къыхэкIыу, езыхэри абыхэм къащхьэщыжу Урысейм ис я лъэпкъэгъухэри щIолъэIу Хэкужьым укъэIэпхъуэж зэрыхъуну Iэмалхэр тынш ящыщIыным.

«Сирием ис адыгэхэр къашэжын Iуэхур къэралитIым епхауэ зэрыщытым къыхэкIыу, егупсысауэ бгъэдыхьэн хуейщ», - къыхигъэщащ Матвиенкэ Валентинэ. Ахэр къыздэкIуэжыну зыщIэхъуэпс щIыналъэхэм ис цIыхухэр а Iуэхум зэреплъытыр къищIэну папщIэ, Федерацэм и Советым и УнафэщIым къригъэблагъэхэм я Iуэху еплъыкIэм едэIуащ.

ЗэIущIэм и кIэм унафэ къыщащтащ Сирием кIуэн лIыкIуэ гуп тхьэмахуэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну. А гупым хэтынущ къэрал IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, Iуэхум фIыуэ щыгъуазэхэр, бзэр зыщIэхэр, Урысейр Iуэхум зэрыплъымрэ абы къэIэпхъуэжыну хуейхэм яхуищIэфынумрэ зэпкърахыну тэмэму бгъэдыхьэфын хуэдэу - абыкIэ зэакъылэгъу хъуащ зэIущIэм къекIуэлIахэр. Матвиенкэ Валентинэ зэIущIэм къерихьэлIахэри ежьэну гупым хыхьэмэ нэхъыфIу къилъытащ. Чеченов Ануар Матвиенкэ и псалъэр диIыгъ щIыкIэу жриIащ апхуэдэ гуп КъБР-м хьэзыру зэрыщыIэр, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Ерчэн Темболэт я пашэу. Ар Урысейм икIыну лIыкIуэхэм хагъэхьэмэ зэрыфIэигъуэри къыхигъэщащ.

Iуэхур и пIэ икIам къыщымынэу, ар Урысей Федерацэм и Правительствэм псынщIэу зэфIихыну и мурадхэм зэращыщыр наIуэщ. «Сэ Къэжэр Альберт сепсэлъэну си мурадщ гупым хэдгъэхьэнухэм ятеухуауэ. Абы республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Iуэхур бгъэдилъхьэжынущ. Адрей адыгэ республикэхэри апхуэдэу дыдэу псынщIэу Iуэхум бгъэдыхьэну къыщIэкIынщ, - жиIащ Чеченов Ануар. - ЛIыкIуэхэр Сирием кIуэуэ псори зрагъэлъэгъуа нэужь, УФ-м Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм дыщыгугъынщ къэIэпхъуэжыкIэ хабзэхэр егъэфIэкIуэным елэжьыну, дэфтэр щхьэхуэ гуэри утыку къихьэну къыщIэкIынщ».

Урысейм къэIэпхъуэжынухэм яхуищIэфынур ар хабзэм и жыпхъэ зрагъэзэгъэнум елъытащ: «хэкуэгъу» (соотечественник) е «щтапIэ ихьэжа» (беженец). Апхуэдэ жыпхъэ гуэрым хабзэкIэ ирагъэувэфмэ, Сирием и къэрал Iуэху хэмыIэбэу, Урысейр ди лъэпкъэгъухэм псапэхуэщIэу (гуманитарная помощь) сэбэп яхуэхъуфынущ. Абы хохьэ псэупIэ къахуэлъыхъуэнри, дэфтэр къыдэхынри, абы текIуадэ уасэри гъуэгупщIэри гъэмэщIэным ехьэлIа Iуэхухэр.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

ЗэгурыIуахэщ

Сыхьэт 13-кIэ ткIийуэ зэдэуа нэужь, Еврогупым хэт къэралхэр зэгурыIуащ Алыджым ахъшэкIэ зэрыдэIэпыкъуну щIыкIэмкIэ.

Еврогупым и унафэщI Жан-Клод Юнкер зэрыжиIамкIэ, а программэм хеубыдэ Алыджым еврэ меларди 130-рэ хуэутIыпщынымрэ абы и къэрал щIыхуэм щыщу процент 53,5-рэ уней банкхэм егъэщэхужынымрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу Алыджым и къэрал щIыхуэр и ВВП-м елъытауэ проценти 120,5-м нэсу ягъэмэщIэну я гугъэщ. Нобэ а процент бжыгъэр 160-м нос.

Еврэ меларди 130-р Алыджым МВФ-мрэ Еврогупым хэт къэралхэмрэ хуаутIыпщынущ 2014 гъэ пщIондэ. Уней банкхэм трагуэшэну щIыхуэхэр еврэ мелард 230-м мащIэу щIегъу. Нобэ щыщIэдзауэ а щIыхуэр зэщхьэщагъэкIынущ, пIалъэ кIэщIкIэ лажьэ облигацэхэр пIалъэ кIыхькIэ лажьэхэмкIэ яхъуэжурэ.

А псори яхуэгъэзэщIэн папщIэ, бюджетыр ткIийуэ зэгъэзэхуэнымкIэ Алыджым къалэн зыщищIыжа Iуэхугъуэхэр илэжьын хуейхъунущ, сыт хуэдизу къытемыхьэлъэми.

Кхъухьхэр екъутэ

Дунай псым трищIа мылыр кIанэ Iыхьэшхуэурэ къызэгуичу кърихьэжьа нэужь, кхъухь зэмылIэужьыгъуэу 100 хуэдизрэ псым тет зы шхапIэрэ зэхикъутащ.

Ар къыщыхъуар Сербиеращ. Иужьрей тхьэмахуэ зыбжанэм а къэралым уэсышхуэ къыщесащ икIи дунейм и щытыкIэр егъэлеяуэ щIыIащ. ИужькIэ зэуэ хуабэ къэхъужри, Дунайм телъ мылым къутэн щIидзащ. Сантиметр 12 зи Iувагъ мыл кIанэшхуэхэм къапщIэхуэр зэхакъутэ.

Илъэс мин 20 дэкIами

Урысейм и биологхэм илъэс мин 20 и пэкIэ Сыбырым и мылылъэхэм хэщтыхьа удз жылэр къагъуэта нэужь, ар къагъэвыжри, а удзым и лъабжьэ зыбжани къагъэкIыну яхузэфIэкIащ.

Псом хуэмыдэжу яфIэгъэщIэгъуэну щIэныгъэлIхэм къалъыхъуэ мылым илъэс мин бжыгъэ и пэкIэ хэщтыхьауэ щыта къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ. Абыхэм куэдкIэ нэхъыбэ къаIуатэ, щIым мывэ хэхъухьыжа пкъыгъуэхэм нэхърэ. Уеблэмэ ДНК-р мылым хъума щыхъуу, а псэущхьэр е къэкIыгъэр «къыпхуэгъэпсэужынри» зыхуэIуа щыIэкъым.

Гиличинский Давид зи пашэ щIэныгъэлIхэм апхуэдэу къагъэкIыжа удз жылэр мылым хэлъащ метр 38-рэ и кууагъыу, ар къыщагъуэтат Магадан областым щыIэ Колыма псым и Iуфэм.

НОБЭ

• Сент-Люсие и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1979 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

• Мазаем и 22 - мэлыжьыхьым и 7-хэм чыристэн католикхэм я нэщI мазэщ.

• Илъэс 20 и пэкIэ къызэрагъэпэщащ промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я дунейпсо конгрессыр (МКПП) - правительствэм ейуэ щымыт жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Нобэ абы хэтщ Европэмрэ Азиемрэ я къэрал 25-м я промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я лъэпкъ союзхэр.

• 1944 гъэм **Тамбий Владимир** Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

Дунейм и щытыкIэнур

meteonovosti.ru сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэу махуэм градуси 2-7, жэщым градус 12 щыIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 54-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 44-м.

Хьэуам и псыIагъыр процент 86-м нэсынущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зы пцIым пэжищэ егъэулъий.

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен. *2012 гъэ*

Медведев Дмитрий, Къанокъуэ Арсен, Хлопонин Александр. *Налшык, 2010 гъэ*

УФ-м и Президент Путин Владимир иопсальэ. *2007 гъэ*

Хэкупсэ телъыджэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Ди республикэм Къанокъуэ Арсен къыщацIыхуащ псапащIэу, социальнэ, щэнхабзэ проектхэмэ программэхэмрэ хэлъажьыхьу зэрыщытымкIэ. Къапщтэмэ, абы и ахъшэкIэ Налшык и мэжджыгт нэхъыщIхьэр, православнэ члисэр ящIащ. Апхуэдэу ди республикэр Урысейм зэрыхьыхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэм ирихьэлIэу 2007 гъэм абы Мемориальнэ кузбжэ Налшык дригъэщIыхьащ. «Спартак-Налшык» футбол командэм текIуадэ ахъшэм и нэхъыбапIэри къызыбгъэдэкIыр Къанокъуэ Арсенщ.

2005 гъэм фокIадэм и 27-м УФ-м и Президент Путин Владимир КъБР-м и Парламентым кьыщыхилъхьауэ щытащ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр республикэм и УнафэщIу ягъэувын Iуэхум хэлIпIэныр. 2005 гъэм фокIадэм и 28-м Парламентым и депутат псори зэрдэарэзыуэ Къанокъуэ Арсен хахауэ щытащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президенту.

Къанокъуэ Арсен «Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэм хэтщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, Экономикэ щIэныгъэхэмрэ хъэрычэт лэжьыгъэмкIэ академием, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием я действительнэ членщ, щIэныгъэ тхылъхэмрэ статья щхьэхуэхэмрэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. 1998 гъэм абы Урысейм сакьылэт кредитхэр зэрыщыIэтхэм теухуа кандидат диссертацIэр, 2001 гъэм экономикэм зыщихъуэж лъэхъэнэм хозяйствэм и Iэнатlэмрэ социальнэ лэжьыгъэмрэ къэралым зэриунэтI щыкIэмкIэ доктор диссертацIэр пхигъэкIащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр кьратащ. 2009 гъэм жэпуэтъуэм и 9-м УФ-м и Президент Путин Владимир Зэныбжьэгъугъэ ордену Къанокъуэ Арсен Кремлым кьыщритащ. КъБР-м и Президентым 2008 гъэм кьыхуагъэфэщащ «Мамырыгъэм и Урысей фонд» дунейпсо жылагъуэ фондым и дамыгъэ нэхъ льапIэ дыдэр - «Мамырыгъэр гъэбыдэнымрэ псапащIэ Iуэхуэхэмрэ зэрыхэлъэжьыхьым папщIэ» дыщэ медалыр. Къанокъуэ Арсен «РБК» урысей хьыбарегъащIэ агентствэм кьызэригъэпэщащэ гъэ къэс ят «Илъэсым и цыху» саугъэтыр 2009 гъэм кьратащ, апхуэдэу «Хэкум и щIыхь» орденыр кьыхуагъэфэщащ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Зубков Викторрэ Ипшэ федеральнэ щIыналъэм и тхьэмадэ Рапотэ Григорийрэ Налшык къэсащ. *2008 гъэ*

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ и министр Авдеев Александр утыку кьренщ. *2009 гъэ*

Режиссер цIэрыIуэ Сокуров Александр и гъусэу. *2011 гъэ*

Урысей режиссер, продюсер цIэрыIуэ Михалков Никитэ Налшык къэкIуащ. *2009 гъэ*

Урысей Федерацэм и Президентым и гъусэу

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэм щыIэ хэралхэр къызэкIуахь, Къэралым и унафэщIым щIыгъухэм яхэтщ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий Дамаск къаIэм щепсэлъащ Сирием и къэрал унафэщIхэм. Абыхэм къарикIуахэм япкъ иткIэ, къэралитIым зэращIылIащ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм, зы къэралым уикIыу адрейм кхъухьлъатэкIэ укIуэфу щытыныгъэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ къыщыщIэдзауэ туризмымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ нэсу, щызэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр. КъэралитIым и унафэщIхэр зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр куэд мэхъу. «Гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуащIахэм ящыщщ сату-экономикэ, гуманитарнэ зэпыщIэныгъэхэр, къэрал кIуэцI политикэм теухуауэ зэпсэлъэныр, дзэ-техникэ IэнатIэм щызэдэлэжьэныр, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи зэрыщыту а щIыналъэм пыщIа Iуэхуэхэр», - жиIащ УФ-м и Президентым и дэIепыкъуэгъу Приходькэ Сергей.

Медведев Дмитрийрэ Асад Башаррэ апхуэдэуи тепсэлъыхьащ щIыхуэхэр псэкIэ нэхъ къулей хъуным, щIэныгъэфI ягъуэтыным, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъыным, жылагъуэ Iуэхуэхэм жыджэру хэтыным хуэлажьэ Iэнатlэхэм зэпащIэу щытыным. Дызэрыт иIъэсым и гъатхэпэ мазэм УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Авдеев Александр Дамаск щыщыIам Iэ градзауэ щытащ 2010 - 2012 гъэхэм ЩэнхабзэмкIэ зэдэлэжьэным теухуа программэм. Абы, псалъэм папщIэ, хохьэ 2011 гъэм урысей щэнхабзэм и махуэхэр - Сирием, 2012 гъэм сирие щэнхабзэм и махуэхэр Урысейм щегъэкIуэкIыныр.

Урысей унафэщIхэм ящыщу УФ-м и Президент Медведев Дмитрийщ къэрал Iуэху и пщIэ дэлъу Сирием япэу кIуар. Накъыгъэм и 11-м и пщыхьэщхьэм ди къэралым и УнафэщIыр Тыркум кIуащ. ЕкIуэкIыну зэпсэлъэныгъэхэм ямкъ иткIэ, Iэ градзэну я мурадщ Зэрадзжьэныжьмкlэ Совет Нэхъыщхьэ къызэрагъэпэщыным. Абы къэралхэм Iэмалыщ Iэхэр къаритынущ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ зэчэнджэщыну.

Фигу къэдгъэкIыжьащ, Кавказ зауэм и лъэхъэнэм (1763 - 1864) Кавказ Ищхьэрэм иIэпхъукIахэм я щIэблэхэм ящыщ адыгэ куэд Сириемрэ Тыркумрэ щопсэу. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щоджэ Сирием, Иорданым, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэмэ къикIауэ ныбжьыщIи 120рэ.

Къанокъуэ Арсен иджы япэу хагъэхьэу араксым къэрал къулыкъущIэ нэхъыщхьэхэм ящIыгъуу хамэ щIыналъэхэм кIуэ гупым. 2006 гъэм и мазаем урысей лIыкIуэхэм яхэту КъБР-м и Iэтащхьэр Путин Владимир Азербайджаным щыкIуам щIыгъуащ, 2007 гъэм и мазаем - Иорданым щыкIуам, 2009 гъэм и мэкъуэгуэгъуэм Медведев Дмитрий Азербайджаным щыщыIам.

2010 гъэ, накъыгъэм и 12

Къанокъуэ Арсенрэ Адыгэ Республикэм и Президент ТхьэжIуцIыпIэ Асльэнджэрийрэ Иорданием и пащтыхь Абдаллэ ЕтIуанэм иретъэблагъэ. *2007 гъэ*

Тырку Республикэм щыщ Къайсэр къаIэм и тхьэмадэм IуощIэ. *2010 гъэ*

Налшык щохьэщIэ итальян политик цIэрыIуэ Кьезе Джузеппе. *2009 гъэ*

Зауэм и ветеран Щомахуэ Льоетэн и гукъэжIыжхэм йодаIуэ. *2010 гъэ*

Темыркъан Юрэ кьрегъэблэгъэж. *2010 гъэ*

Костенюк Александрэ Налшык дунейпсо чемпионкэ щыхъуащ. *2009 гъэ*

Хъущт Асльэнбэчрэ Аккаев Хьэжмуратрэ егъэлъапIэ. *2008 гъэ*

Налшык къыщыгъэIуах «Борен Текстиль» фабрикэр. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Шыкъ Бэрэнрэ интервью ят. *2009 гъэ*

Абы куэд дыдэ къегъэлъагъуэ

ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къулыкъу нэхъыщхьэ дыдэм и полномочиехэр къызэрыббгъэдалъхьамкIэ си гуапэу сынохъуэхъу.

Урысейм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу щыIалъэм ис цыхуэхэм я сэбэп зыхэлъхэм телажьхэм уэ дзыхь кьызэрыуагъэзэам кьегъэльагъуэ ббгъэдэтъ зэфIэкIыщхэмрэ къэралым и сэбэп зыхэлъхэм уэрытелажьхэм кърикIуахэмрэ пщIэшхуэ зэрыхуащIыр.

Республикэм и экономикэ зэфIэкIым зегъэуэжьыным, абы нс цыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIыналъэм зэпIэзэрытыныгъэ, лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэ щызэтегъэувэным хуэунэтIауэ ебгъэкIуэкI лэжьыгъэм ехъулIэну си гуапэщ.

НАРЪШКИН Сергей,
Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщI.

Къалэн нэхъыщхьэ

ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр къызэрыббгъэдалъхьамкIэ си гуапэу сынохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьулыкъу льагэм Уэ аргуэру уэзрагъэувыжам къегъэльагъуэ улэжьакIуэщхэу икIи Iуэхум фIыуэ зэпщIыкIыу зэрыщытым кьыхъжкIыу щIыхуэхэм пщIэ кьызэрыпхуащIыр, ун лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкIэр кьэралым и унафэщIхэм нэгъэсауэ зэрыдаIыгъыр. Щэч хэлъкьым республикэм щыIэ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр хъумэныр Уи дежкIэ кьалэн нэхъыщхьэу дяпэкIи зэрыщытынум.

Узышнагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ уиIэну, Хэкум и фIыгъуэм хуэунэтIа лэжьыгъэм уехъулIэну си гуапэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхуэхэми сохъуэхъу зыужьыныгъэрэ псэукIэ тэмэмрэ яIэну.

СТЕПАШИН Сергей,
Урысей Федерацэм Къэзыбж и палатэм и УнафэщI. 2010 гъэ

Щыхуэр екIуалIэмэщ хэхыныгъэхэр тэмэму щекIуэкIынур

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэм и хэхыпIэ участкэу 18-м кьыщагъэсэбэпынущ Iэ зэраIэт электрон комплексхэр. Участкэ псоми хэхыныгъэр зэрыщекIуэкIым зэрыкIэлъыплъыну камерэхэр щыIэнущ. Абы папщIэ зыкуеину Iэмэпсымэхэр гъэувын яух «Ростелеком» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэм. Дэтхэнэ апхуэдэ комплексми зы компьютеррэ веб-камерэу тIурэ хеубыда. Зы камерэм зэрыщыту участкэм щекIуэкIхэр, адрей камерэм Iэ щаIэт щIыпIэр, бюллетенхэр кьызэрабжьыкIр кьагъэлъэгъуэнущ.

ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и гугъу пщIымэ, ар щыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм кьызэрагъэпэщынущ. Абыхэм япкъ иткIэ депутат мандату 1635-рэ зэпагуэшынущ. 2012 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлIэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ лыкIуэ органхэм я депутатхэм я кандидату 2413-рэ, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм я къулыкъухэм ягъэувын папщIэ кандидату 6 яткащ.

Хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэр нэхъ зыхуэныкъуэ дэIепыкъуныгъэхэм ятеухуауэ Парламентым и депутат Шумахуэ Арсен ирита упщIэм и жэуапу Джэш Вячеслав кьыхигъэщащ лэжьыгъэ псори зэкIэлъыкIуэу, ягъэува планым тету зэрекIуэкIыр, зэныгъэхэр тэмэму кьызэгъэпэща хъун папщIэ нэхъыщхьэр абы щыхуэхэр кьеКIуэлIэныр арауэ зэрыщытыр.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм кьызэралъытамкIэ, Урысей Федерацэм и президентыр хэхыным зыхуэгъэхьэзырыныр тэмэму йокIуэкI. Ауэ абы кьыдэкIуэу щIэгъэхуэфбжьэн хуейщ цынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщыныжкIэ, документацэр тэмэму хъумэныжкIэ, хабзэм кьемызэгъэ технологиехэр кьыщагъэсэбэп кьэмыгъэхъуныжкIэ лэжьыгъэр.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

● Iуэху епгъыкIэ

Хэт щхьэкIэ Iэ щIэтIэтынур?

Дауи, Путин Владимир щхьэкIэщI Зи гугъу ящIыну хуейр Урысей Федерацэм зиужьын папщIэ ар зыхуэнэмысахэракъым, атIэ хуэзэдIэкIа-хэрщ.

ФИГУ КЪЭБГЪЭКIЫЖЬГ ар Президент хъун и пэкIэ 1999 гъэм кьэралыр зэрыта щытыкIэ гугъу дыдэр. Заводкэр, фабрикхэр зэтещхэт, зэкIэлъыкIуэу мазэ куэдкIэ улахуэр, пенсэр ятырт экъым, тыкуэнхэр нэщIт, щыхухэм гуГъэр яфIэкIуэдат, дунейм екъжхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытт, кьалъхур мащIэт. Дзэр зэхэщэщжат, ди кхъухь нэхъыфIхэр гъущIыкIэжьу ящэрт. Абы щыгъуэми «Урысеим кьуэр зэрыхэкIуэдэжьм щIыкIэ зэтезыгъэуфэка ди унафэщIхэм хуэдэ нэгъуэщI кьэралхэм яIэ? Щыlакъым икIи щыIэкъым апхуэдэ кьэрал. Арами, дыбгъэрыгъ хьунукъым, Путин Владимир президенту хэтхэм хуейщ.

Нэгъабэ и дыгъэгъазэм «Уи щхьэкIэ Урысейр сыту кьэпльыпэрэ?» жаIэу щеупщIам, «Ар сэ си гъащIэщ, - жэуап яритыжащ. Абы фэрыщIагъ льэпкъ хэмылъу кьызольытэ. Иджыри нэгъуэщI зы щапхъэ. Дыгъэгъазэ кIуам телевизорымкIэ зэхэсхащ Урысей Федерацэм и щIыналъэр зэрагъэшну, зэраубыдыну щыкIэр кьэрал гуэрхэм ябзыкъ хуэдэу. Нэтыным и пэщIэдзэм сримыхьэлIами, ар мы псалъэмкIэ яухащ: «Путин власт тым тету апхуэдэ кьэхъунукъым!» ПщIэну щыткъым, Мамай, Наполеон, Гитлер хуэдэхэр кьэунэхункIи мэхъу, ауэ ди кьэралым кьеIуэну Путин Владимир апхуэдэхэм Iэмал гуэри яритынукъым.

Урысей Федерацэр зэхэгъэкIыныгъэшхэм и пащхьэм итщ. Абы кьыхэкIыу сыщIэупщIэну сыхуейт: «ЩытыкIэ хьэлъэм щитам хэт кьэралыр кьэзыIэтыжину евэлар икIи зэфIэзыгъэувэжар?»

90 гъэхэм дгъэзэжыну, абы щыгъуэ дызыхэта гугъуехь инхэр аргуэру дгъэзыну дыхуэмейм, Путин Владимир ди дзыхь едвгъэгъэз. Сэ Къэбэрдей-Балькъэрым сыщыпсэуми, УФ-м и цыхухэм сызэхэхьи си макъым кьыщIэдэIуну, мы гъэм гъатхэпэм и 4-м зэхэтыну президент хэхыныгъэхэм унафэщI Iэзэ Путин Владимир и кандидатурэр щыдаIыгъыну сыхуейщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Гъумар,
лэжьыгъэм и ветеран.

● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Сакъыр Тхьэм ехъумэ

Республикэм и цыхуэху пщIэ зыхуэтщIхэ!

УФ-м и Президентыр, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ лIыкIуэ органхэм я депутатхэр щыхахынум льапIэныкъуэкIуэну лъхъэнэм терроризм щIэныгъэджагъуэхэр я лэжьыныжкIэ щыIэщ. Яныныкъуэ экстремистхэм ящыри я мурадщ КъБР-м щыIэщытыкIэр зэIагъэхьэну, диверсие Iуэхуэхэр зэхащIыхьыну.

ЦIыхуэхэм я гъащIэр зыхьныкIэ хъуну щIэпхъаджагъэхэр къэмыхъуи папщIэ, КъБР-м и Оперативнэ штабым цIыхуэхэм захуегъаз сакъыну. Жылагъуэ транспортым фыщисым, цIыху зэхуэсыпIэхэм фыщыщIэм деж, щэч фэзыгъэщI хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм гугъытэнщэу фаблэмыкI. Апхуэдэхэм деж зыхуэфащэ кьудыкъуащIапIэхэм фыпсалъэ. Апхуэдэу гулъытэ фхэлъу фыщытмэ, фи гъащIэри фи гъунэгъуэхэм я гъащIэри хъумэ хъунущ.

Террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зэрагъэхьэзырым, цIыху гуэрхэм лагъым БрыщIхэр, Iэщэ зэраIэм щIыгъуаз фыхъуамэ, шэч фэзыгъэщI хьэпшыпхэр фльэгъуамэ, щIэпхъаджагъэ ялэжьынкIэ хъуну гурыщхъуэ зыхуэфащI цIыхуэхэм фахуэзамэ, хабзэхъумэ органхэм икIэщIапIэкIэ хъыбар евгъащIэ.

Фэ кьывбгъэдэкI апхуэдэ дэтхэнэ зы хъыбарри фIэкIыпIэ имыIэу къапщытэнущ икIи хабзэр хъумэным, цIыхуэхэм шынагъуэ кьатемыгъэхьэным хуэунэтIауэ зыхуэфащэ Iуэху псори зэфIагъэкIынущ. Апхуэдэ хьыбархэр кьызыбгъэдэкIа цIыхуэхэр КъБР-м и Оперативнэ штабым хэлущIыIу щIынукъым.

ИкIэщIыпIэкIэ фыздэпсалъэ хъуну телефонхэр:

КъБР-м и Оперативнэ штабым - **48-15-48**;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - **48-16-02, 48-15-81**;

КъБР-м щыIэ МВД-м - **40-49-10, 49-50-62**;

УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и «Э» центрым - **42-70-52**;

Урысейм Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыIэм - **77-64-22;**

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - **39-99-99**.

Псэр щэи, напэ къэцэху

Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий)

90

Адыгэ льэпкъым кьыхэкIа, илъэс 23-рэ и пэкIэ дунейм ехьжа Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) Курджым и ТхакIуэхэм я союзым и урыс къудамэм и унафэщIт. Абы и кьалэмыр хуэлажьэрт зэныбжьэгъуитф гъэбыдэзным, Iэпщ, зэмылIэужьыгъуэхэм кьаэжIа цIыхухэм я гъашIэр, я дуней еплыкIэр къэгъэльэгъуэным. Аджыкъу тетхыхьащ адыги, курджи, урыси, румини, мэжэрп...

АДЖЫКЪУМ и тхылъхэм ди дежи нэгъуэщI къэралхэми дунейм кьыщытехьахэм цIыхухэр дахьэхыу йоджэ. Къэбгъэльагъуэмэ, Польшэмрэ Мэжэрымрэ (Венгрием рэ) кьыщыдгъащIа абы и роман «ЯмыцIыху» жыхуиIэр, Хэку зауэшхуэм теухуар. Полякхэм, инджыкIыхэм, испанхэм, чеххэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ тхакIуэм и рассказ нэхьыфIхэр.

Революционер цIэрыIуэ Кецковели Ладо и гущIэмрэ и кьеКIуэкIыкIамрэ теухуащ Лохвицкэм и «Мэтехи фочщоуэ» романыр (1973 гъэ). ЩIыхуэхэр куэду кьызэрыщIэупщIэм кьыхэкIыу зыбжанэрэ я кьадзэкIэ зыщIэдзэ тхыдэм теухуауэ Аджыкъум итха повестыр - «Уафэгъуагъуэ макъыр». ЛъэпкъкIэм я зэныбжьэгъуитфм и университету Лумумбэ Патрис и цIэр зезыхьэр кьэзыхуха, Сирием щыщ адыгэ бзылъхугъэ Дзбжан Iэмэн ар хьэрпыбзэкIэ зэридзэкIри, Дамаск кьыщыдгъэкIащ. «Аль-Баас» газетым абы теухуа тхыгъэхэр мыхъ-мытIэу тридзащ. ТхакIуэ цIэрыIуэ инкIи критик аль-Мысрин Маруан итхыгъэ: «Адыгэ тхылъэм ГъэтIэлъыкъ тхыгъэ хьэрпыбзэкIэ кьыхэзрыдзэкIар Iэуэхуфэу зэрыщытыр кьэзгъэльагъуэкIэрэ, гъэ жысIэну сыхуейщ ар псэм лъэIэсу, пажагъышхуэ хэльу, Iэзэу тха зэрыхьэуар».

Иджы дыкьыштеувыIэнщ Аджыкъу Джэрий и повестыр зытеухуам, абы и мыхьэнэм. ТхакIуэм и макъ егъэIу XIX лъэшыгъуэм кьэхъуа гуауэм - Урыс-Кавказ зауэм, истамбылакIуэм я дкэрэпэжкэжу, абы дерс кьыхэкьыр зэрыхуэкIр кьыдиIуэтлIэу. Льэпкъым и блэкIам ухуэдэгуу инкIи ухуэнэфу ущыт зэрымыхьупхыр кьыдгъегъаIуэ. Абы щыгъуэми, егъэльапIэ цIыхухэр нэсыр, сыт хуэдэ лъэхъэнэми льэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм кьахэкIа цIыхухэр зэпэгъунэгъу зыщI акъыл нэхур, захуагъэм и телъхьэ хьуну псэр кьэзыгъэушыр.

«Псэр щэи, напэ кьэщхэу» жыхуиIэ псалъэжьыр повестым и гъэпсыкIэм хуэнщI хьунущ, сыту жыпIэмэ, аращ тхылъри зытеухуэжар: льэпкъ псом зигъэкIуэдащ и напэр имыщэн, бийм льэгущэтын зримыгъэщIэн пащIэ; цIыху минкъм заГъэIащ, я щэжь льэхэр ямыбгынэн, зыщалъхуа щыналъэм емыпщIыжьн щхьэкIэ...

Кавказ Ищхьэрэм их льэпкъхэм апхуэдэу щыщхуэ яIыгъ-тэжьыи, яхуэмыхьэжьын хуэдэу. Ар кьыдогъанэ: «Ар ерагъкIэ ярикуэу ар, псэкIэ ирагъэлэжу телъхьэкIыхьэ ар ирипсэун папщIэ. ИкIи телъжьыхьэрт я гуащIи я пщIэнтIэпси емыблэжу. Я щIыналъэри кьэщIэрэщIащ, берыч»эрыр и тыдъэу, хьуту зыщIагъэр и бащIэу. Абы кьыгъэнэсеиуэу арат урыс пашъхьыр. Ар, дауи, щыгъуазэтэхьым бгылъэ щIыпIэхэр «дуней жэнэт» пщIынкIэ кьыдзэрыгуэI Iэхуэу зэрыщымытым. Абы занщIэу гу льитащ пащтыхьыжьым зэуэмэу Кавказым кьыгъэкIуа кьыдзэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ Кожевниковым. Абы адыгэхэр зыхуэдэр кьыдзэрыгуэрыр офицер Кайсаровым ЖЫ мыпхуэдэу иреIуэтыпIэ: «Зи щхьэр лажьэ льэпкъщ, Джабэ нэкIуэкр, псыльм имылъэсхи, хуэдэу кьат-кьатурэ кьыдзэрагъэбатэр уэзгъэльэгъуащэрэт. Мывэшхуэхэр зэхуахьэс, ищIагъымкIэ кьрахьэхьурэ, зэтралъхьэ, псыльущ1э ящ, итIанэ псы ежэхым щыщ кьаутIыпщри - пшахьэу, мывэжIащхъ сыт жыпIэмэ, хуегъэзыкIыгъэ щхьхьуэхэм щIэзэтралъхьэ. ЩIыпIэр зэтес мэхъуж. ИужькIэ тафэм щIыгъуб фIыщIэ кьрашри абы трахIутэж, сэмэмыщIащ».

А щIыкIэм тету щIыр кьэзыгъэбатэ адыгэ мэкъумэшыщIэмрэ адыгэхэм ягухьа урыс офицер Кайсаровымрэ «Уафэгъуагъуэ макъым» мыпхуэдэу щызэпсалъэ. Кайсаровым кьэгъэзэжа Бытырбыху кьатищу зэтет унэхэр зэрыщIыр. Абы и щхьэусыгъуэр щIыр кьаззремэщIэкIрауэ кьызыщIыхьуа адыгэм кьызэрыгуэкIыу жеIэ: «НтIэ, щIыр ун мащIэмэ, нэгъуэщI Iэмали кьыпхуэзгупсысыкьым».

Мэкъумэшыщ1эм дэнэ щищIэнт апхуэдэу зыкьрIэм губгъуэ хуитыщхуэхэр зи бащэ Урысей уэкIр и пIалъхэу. Ар зэрегущIысыкIмэ, пащтыхьыр, щIы и куэду щытамэ, адыгэхэм яйм еIусэнутэкьым...

ХьэпIэкхъуэкIагъэщ зы щIы кIапэ щхьэжB лъэпкъ гуэрым итъ бгъэжэныр. Пащтыхьыдэзм лей зэрызэрихьэр, гущIэгъу зэрымыIэр пхэжкэу зи фIэщ хуэ офицеры - ар и псэм хутемыгъахуэу - адыгэжэм ягуохьэ.

И льэпкъмэ, и къэралми, и динми енцIыкьныр сыт кьызыхьэкIар? Хейм рэ мысэмрэ зэхуэмыдэжу зэращытырщ. Пэжщ, а псорэ занщIэу абы и акъыл нэсакьым, езыми хеилькIэ зиуцIэпIыжа нэуэжщ кьыщыгуфыIуар. Кайсаровым и напэм кьыхуеГъэзэгъыркъым дяпэкIи апхуэдэу псэуну - щхьэщIэгупсыс, мыжжаIыжь мэхъу. Ар егъэгулэз, и псэр хьэзаб хигъэтщ напэм емызэгъ илэжьыну ехулIа зэрыхьум. Ельагъу, егъэунэхэу кьызыхэкIа льэпкъым икIагъэ зэрищIэр, езыри абы и джатэзкъэу щыщыткIэ, щыкуэнщIагъэ хэмыльу зауэм зэрыхэмытыфынур. Ар кьыщыгуфыIуэкIэ, нэгъэущI хэкIыпIэ имыгъуэту, зиукIыжьну хуоижь, а иГу ирильхьари ищIэну кьыщIэкIынт, ауэ адыгэхэм я льэныкьуэ мэхъури, и мурадыр зэрехьуэжыIыж.

Повестыр нэхьыбжэу зытеухуар Кайсаровым и щхьэм кьрикIуэ насыпынщагъэрщ. Ауэ абы и закъуэкьым а зауэ гущIэгъуэншэм насыпынщэ ищIар. Лейзехьэхэм гущыкI яхуищIри, и щхьэр зэдзхьаи имыщIэу кьыщыгъэм, Iуэху мыщхьэмыпэ илэжьащ офицер Попов-Азотовым.

Къэзыухъуреихь дунейр зэрызэIыхьар, ар цIапIагъэ зэфхэзэщу зэрыгъэхэлIар зэрыхуэмышэчамкIэ нэрылъагъу мэхъу ар зи щIыуэ лIэужьыгъуэу щытар. Попов-Азотовым гъашIэр Iумпэм ящIащ зытет дунейм зэрыхуэмыварэзыр абыкIэ кьитгъэлъагъуэу. ЩIымэм щыгъуи мыращ кьыжьэдэкIа псалъэхэр: «ЦIапIагъэщ... Псори цIапIагъэщ».

Кайсаровым а псори нэхъ ижьыIуэхIэщ кьыщыгуфыIуэжар, езыри лей зезыхьэхэм зэращыщыр, зауэ емынэм и зэриIэщэхьэхэр кьыщIэжар.

Ар и зэхэщIыкIым нэзыгъэса Iуэхугъэт Попов-Азотовым и кIуэдыкIари, лажьэ зимыIэ адыгэхэр зэрыхьэтрауикIэрэ. Зэгуэрым дунейр зыкIэIэфIу щыта адыгэ льэпкъым бгы зытеуа цIыхуу и псэр хэкIырт, ар дунейм текIуэдыкIыжырт. ИкIи ар зи Iэужь залымхэм адыгэр зэрыкIуэдыжьыр бэрэбанауэ макърэ гуфIэгъуэ маршIэ ягъэльапIэрт.

Кайсаровым зэрыжиIэжымкIэ, ди гъэлыр щыслъынщэу зыгъэжа пащтыхь кьуэшым зауэр зэриухам и щIыхькIэ кьызэIуихат хасэшхуэ. «Зэ еплыгъуэкIэ псори бзылъхьу кьызэрагъэпщауэ гуфIэгъуэт, уеплыжьжьпамэ - ар зауэр зэриухам темыгъуауэ, щапсыгъэхэмрэ убыххэмрэ зэрыкIуэдыжьым и льэдагъэт».

«Уафэгъуагъуэ макъым» кьыщыгъэльэгъуащ цIыху куэд ажалым зэрызэщIикIыуэр. Ауэ гур зыгъэуэцIу, цIыху щхьэхуэ мыхьуу, льэпкъ псом и кIуэдыжьыкIар ди нэгу кьызэрыщIигъэхьэрщ.

АДЫГЭХЭР я хэкум ираху. Ижьжьыжьлъандзэ Кавказым щыпсэуэ льэпкъым хуэгъэзащIэ. Ар щIэпхъэн Iэпхъуэну, е хуэхаха щIыпIэхэм гуп цIыкIуурэ зэкIэщIэкIауэ хэщIапIэ щащIыну. Абы кьикIырат: льэпкъыр мэкIуэд, ауэ ящыныкъуэ адыгэхэр яхьумэнущ зыкIи зыхуэмеиж, зыми имыщIысыкъ хьэпшIыгуэр, музейхэм щагъэльагъэуэ хуэдэу.

Адыгэхэм арат я натIэ хьунур, кьагъэжьыIащIамэ. Аращ аэхэр щIемыдзэIуар «Фагъэльагъу щIыпIэхэм фыIэтхъуэ, ар фымыдзэ», Тырхум фикIыжьи», - жиIэу урыс пащтыхьым ищIа унафэм. Тырхум икIыжькIи я сэбэп хэльтэжьыи, абы щыгъуэт льапси льаэхи ямыIэжу псорп щафIэгъэкIуэдыр. Ар адыгэхэм фIы дыдэу кьагурыIуэрт, ар кьигурыIуэрт «урыс пащтыхь пэтIинэми».

Гъэр ящIа асльэн щырым хуэдэу хъарым эраубыдэжьи е Тырхум Iэпхъуэу щIэлъахьэкIэ зальхъэхь нэхьрэ фIыуэ я льапхъэм ящIа гъэлIэжьыныр щапсыгъэхэм нэхъ кьащтащ. Адэжи адыгэхэм я кьекIуэжькIам кьегъэльагъуэ ахэр зиIыщIу щытар, лIыгъэшхуэ зэрахэльар. «ЛIэнчи лIыгъэ хэлIыу щIыжа-Iэжар езыхэрами ярейуэ, я псэр щатми мыкIуэдыжьын щIыхькIэ я пщIэр яIэтыфащ. Хэкум хуаIэ фIыльагъуныгъэм и нурыр кьащхьэщытащ. Мырат абы текуэдуэ а зэманым Маркс Карл итхар: «Адыгэхэм аргуэру урысыдэзэр хагъэщIащ... Дунейм тет льэпкъхэ! Абыхэм щапхъэ ятефх, мис апхуэдизэ хуэзфIокI щхьэхуитныгъэм нэсу щIэбэн льэпкъым!»

Хэкум и щхьэхуитныгъэр ихьумэжу, лIыгъэ хэлIу зи псэр зыта цIыхуэ и пщIэр инщ. Мыбдежьм зы лIыхъужьыкъым хахуэу кьыщIэкIар - льэпкъ псом и псэр итащ зэи зыми и щхьэр зэрэхуимыгъэщхъыныр игъэнаIуэу, зыщалъхуа щынальэр нэгъэущIкIэ зэримыхьэжьынур игъэлъагъэу. Ар зэрыхьэуа щынкIэр тхылъым мыпхуэдэу ди нэгу щIегъэкI: «Мэз льапэм пIэ яуфэбжьауэ хьэдэ гущIэгъэ зэхэлъ адыгэ фащэ зыщыгъэ цIыхухъэхэр, цIыхубзхэр. Аха щыльт зырызу, тIурыгтIу, нэхь зэпэгъэнэгъэн зэпэIэщIи яхэту, хэт гуузщIу, хэт зьэмбыIуу, хэти джабэм тельа. Хэти и Iэ-и льэр зэкIэщIэдзауэ, хэти зыщэфIигъэщхъэуэ... Апхуэдизэ хьэдэ сэ си гъашIэм слъэгъуэгъащ».

Щхьэм я гуныр хуэгъэзауэ, кьэмыхаиущу, уардэу дунейм йохьыж адыгэхэр. А тепльэгъуэм уегъэмэхьашэ ягъэ ипхуэдизэ гушхуэныгъэ зыхэлъа льэпкъ щхьэхуитым и щхьэм кьрифыар гушхьэ кьыщIэкIащ.

Лохвицкэм ди нэгу щIегъэкI пщылIыпIэм нэхьрэ ажалыр нэхь кьэзыщтажьэ я гъашIэр зэрат щыкIэр: абыхэм кIий-гуо, гы-бжэ кьахэкIакьым - кьыхэщIыкI яхэмыту, зэрахьащ я льыхъужьыгъэр. Зэман бзаджэм и нэлатым кьыхуэмыгъэша льэпкъым гъашIэшхуэ, гъашIэ насыпифIэ хуэфащэт.

Адыгэхэм я гуаэрри я гуапэри уэрэдкIэ яIуатэу щытащ. Я уэрэдхэр гуэхьэуэт, пшынальэхэр удэхьэхэт. Адыгэ хабзэм и гугъу пщIымэ - заухуагъэм и пэ иригъэщ щыакьым, Зауэм щыIуткIи, бгырысхэм, а хабзэр зыщагъэзэгупщэу, напэм емызэгъ ящIэртэжьым.

Тхылъым зы щапхъэ кьъеХь. Зэгуэрым гарнизон Iэтащхьэ Присыпкиным и фызыр фочышэжэр кьызэрельэхъуэхьи хуэдэу, быдапIэм дэжьат. Ар кьызэральагъуэ щыпIэр кьэзыхъхуренхьа адыгэхэр, зэлэтри, ежьэжащ. Гарнизонем и Iэтащхьэмэ хъыбар кьрагъэщащ: «Дэ фызэхэм дезауэркъым», - жиIэри.

БГЫРЫС куэди пащтыхьыдэзэм ящIыщIу куэди зыхьэ Урыс-Кавказ зауэр и кIэм эблагъэрт. Урысхэр здынэмысу зы кьуажэ закьуэт къэнэжар. Абы аэр гъэльэщIыртэкьым къуршхэм зыхьэзрахьуэм кьыхэкIыу, ауэ ари яубыдыным кьэнэжа щыIэтэжьым, пшынальэхэр удэхьэхэт. Адыгэ хабзэм и гугъу пщIымэ - заухуагъэм и пэ иригъэщ щыакьым, Зауэм щыIуткIи, бгырысхэм, а хабзэр зыщагъэзэгупщэу, напэм емызэгъ ящIэртэжьым.

Тхылъым зы щапхъэ кьъеХь. Зэгуэрым гарнизон Iэтащхьэ Присыпкиным и фызыр фочышэжэр кьызэрельэхъуэхьи хуэдэу, быдапIэм дэжьат. Ар кьызэральагъуэ щыпIэр кьэзыхъхуренхьа адыгэхэр, зэлэтри, ежьэжащ. Гарнизонем и Iэтащхьэмэ хъыбар кьрагъэщащ: «Дэ фызэхэм дезауэркъым», - жиIэу.

Тхэмахуэ дэкIри, Уэзырмэсэрэ сэрэ бгыи дихьащ, псы уэрым дызэпрыкI-дыкъызэпрыкIыкуэрэ. Бгыщхьэм дынэсри, зы хьэлIэщ дихьащ. Уэзырмэсэ саригъэщIыхуа нэуэ, Аджыкъу урысибзэкIэ хтхуэу щIэ тхыдэр кьэзыгуэтэж нэхъ тхыгъэфхэм ящыщ зыуэ.

МИХАИЛ Юрьевич си адэм нэхьрэ зы ильэскIэ нэхьыжькъ. Ауэ, ныбжьыкъ емыльытауэ, сэ абы сригъэныбжьэгъуфIт. Мазэм зэ-тIэу дызэхуэтхэрт, ди гуфIэгъуэ, гукъуэуэ зэхуэтIуатэрт. Зы ильэсэм дэкIыр-тэжьым, дызэхуэмыдыхуэ - е Напшыкъ, е Тбилиси, е Москва. Мис абы щыгъуэ адыгэ льэпкъым и дыгъуасэми, и нобэми, и кьэкIуэнуми и гугъу дыдмыщу кьанэртэжьым.

Утетыжьжькъым нобэ щIыльэм, ди кьэуэ щэджащ, удиIэжжкъым, Михаил льапIэ. Ауэ зы адыгэ псэуэу дунейм тетыхуэ уэ игу уихункъым!

ХЪЭФЫЦIЭ Мухьэмэд.

● Фэеплъ

Лохвицкий Михаилрэ *(ижьыкIэ щыщ)* **абы и ныбжьэгъу, урыс тхакIуэ Симонов Константинрэ.** *1977 гъэ*



Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда шапсыгъ унагъуэм и щIэблэщ. Пушкин къалэм 1922 гъэм мазаем и 22-м кьыщалъхуащ, Тбилиси щыпсэуащ, абы университетым и филологие къудамэр 1947 гъэм кьыщIухащ.

«Уафэгъуагъуэ макъ» повестым нэмыщI, Лохвицкэм и къалэмыпэм щыIэкIащ рассказ купщIафIэ куэд, «ЦIэимыIуэ», «Мэтехи фоч щоуэ», «Пушкин хэт дыгъэ», «Тхьэм лъыхъуэрэ» романхэр.

ДЖЗГУАКIУЭМ, Уэзырмэс, нэхъ бляпIэ сыкуэзыщIу, ахъгу лъыстэ зэпытт ар зэрыщыщым, куэдым зэрыщыгъуэзэм. И псалъэр кIыхь ищI и хабзэтэкIыжьыр, уригъэ щIэуэ кьыхидзэнымэ, абы утеззышэн пфIэгъэщIэгъэн хьунрэ зримыгъэщIауэ уригъэдзыуэтхэсэм. Зэгуэрым, ар псыхуэ зэщIэ дыдыхьауэ, кьызэупщIащ: «Мы псыхуээм и хъыбар уеэгъэдзэIуэнщ. УтезэщIыкъэ?»

Сызэрытемызэшэнур жеIащ.

- Куэд щIакъым: Тырхум кьэкIри, нэIиб гуэр кьытхуэкIуащ, дигъэIуащ, диущим мурад ищIащ, - жиIащ Уэзырмэс. - Къарагъэблагъащ, хьэщIагъэ ирахащ. Тхьэмахуэ дэкIри, нэIибым и унафэ къажалъхьащ шапсыгъхэм: хы Iуфэм Iуэхэм я бжьыгъэ зригъэщIэн фIэизгуэщ Iуэху сультIаныр, шапсыгъ жьлэкэр хы Iуфэм Iугуэщащи, пхуэ б ж ы н у к ъ ы м - Къарагъэблагъащ, хьэщIагъэ ирахащ. Тхьэмахуэ дэкIри, нэIибым и унафэ къажалъхьащ шапсыгъхэм: хы Iуфэм Iуэхэм я бжьыгъэ зригъэщIэн фIэизгуэщ Iуэху сультIаныр, шапсыгъ жьлэкэр хы Iуфэм Iугуэщащи, пхуэ б ж ы н у к ъ ы м - ФыкIэ фэ?» - Дышапсыгъщ», - жраIащ. «Сытым фыкъыштекIуха?» - къеупщIащ нэIибыр. Зэшхэм я нэхъыжьыр щIэупщIащ: «Ди жьлэ щхьэмадэр дэнэ щIэIэ?» «Тырку пащтыхьым и унафэм еуэвэлIатэкъым, фи жьлэ тхьэмадэр егъэуэкIащ», - къажриащ нэIибым. «Уэ езыр уэхтэ?» - еупщIащ зэшхэм я нэхъыжьыр нэIибым. «Тырку сультIаным и Iэ ижьыр сэращ». «СультIаныр Истамбыл дэсщ, ар фIщIэркъэ фэ?» - къыхуэгуфIыкIащ. «Ар тхьэмадэр зыщIагъэкIыжьрэ, зи хьэлIэщ дихьащ. Уэзырмэс саригъэщIыхуа нэуэ, Аджыкъу урысибзэкIэ зэпэIэщIу тхыдэр къэзыгуэтэж нэхъ тхыгъэфхэм ящыщ зыуэ.

МИХАИЛ Юрьевич си адэм нэхьрэ зы ильэскIэ нэхьыжькъ. Ауэ, ныбжьыкъ емыльытауэ, сэ абы сригъэныбжьэгъуфIт. Мазэм зэ-тIэу дызэхуэтхэрт, ди гуфIэгъуэ, гукъуэуэ зэхуэтIуатэрт. Зы ильэсэм дэкIыр-тэжьым, дызэхуэмыдыхуэ - е Напшыкъ, е Тбилиси, е Москва. Мис абы щыгъуэ адыгэ льэпкъым и дыгъуасэми, и нобэми, и кьэкIуэнуми и гугъу дыдмыщу кьанэртэжьым.

Утетыжьжькъым нобэ щIыльэм, ди кьэуэ щэджащ, удиIэжжкъым, Михаил льапIэ. Ауэ зы адыгэ псэуэу дунейм тетыхуэ уэ игу уихункъым!



Сурэтыр **ПАЩТЫ Герман** *ищIащ.*

Иужьым псыхуэ зэрыщIэхуэ зэрэ мазэ дыкIуащ, псэй хуэщIыкIэ зэрэщ (Аджыкъу абы щыгъуэ щIэлъ щIыкIут, сэ сыкьалъхуагъэхэхэтэкъым) си псальэм щэч кьытеIэхьэжам. А гъэм щапсыгъэм, абзэхэхэм, убыххэм, нэгъэущI адыгэ лъэпкъэм я хасэм кьыщащтауэ щыта унафэм дыкьыщIоджэ:

«Урысейм къикIуэсыкIыуэ кьытхьыхьэхэм дапэрыуэ хъунукъым, кьыддзэзуэн щхьэкIэ Iуэсэ зыкъытхуэзыщIхэм фIыщIэ яхуэтщIын хуейщ...»

Си Iэр кьыифыдыжри, Уэзырмэс ежьэжащ. Щджьэжым сеупщIащ: «ЩIэх кьытебгъэзэзэнкIэ хъунущ?» Жэуап кьэзитащ: «Ныбжьэгъуэ ящыгъупщэркъым, мы лъэныкьуэмкIэ кьэзгъаэзмэ, узмыльэзгъуэуэ сежьэжьынкъым».

Щапсыгъэр хэщIапIэ схуэхъуами, си ныбжьэгъуэхэр, си хэгъэрейхэр сщыгъупщэрт-тэкъым, уеблэмэ сахуэзэшырт. Пэж жысIэнщи, езэшыпIи сихуэртэкъым: хьэсэм силэжьыхьырт, мэз сыкIуэрт, щIыуэ сежьэрт, бдзэжьэр кIэщэрт - пщIэн бгъуэтынтэхьэ! Адыгэбзэм сыхэгъуаззу щIэзэдзат, щIэрыщIу сыкъалъхуауэ кьысщыхъурти, дунейм гу щысхуэртэкъым. Псом нэхэр нэ-хъыщхьэрти, си псэрэ сигурэ сыхуит сэ, зыми сымигъэзэныкьыкIэ, леи залымыгъи срихэлIэртэкъым.

Аджыкъу дзэм кьыхэкIуэсыкIа пэхэтIит сиэщIыбгъущ - Кнышебмрэ Уэзырмэс и хьэщIэ Ильяр.

«Сыт фи псэукIэ, дауэ фахэзагъэрэ щапсыгъэм?» - жысIэу сащеупущIым, Кнышебмым жэуап кьызитат:

- Ди жагъуэ кьэзыщI дарихьэлIэрти, ужьлам, дахэхьэ, пщIэ кьытхуащI, зэрахуэзэфIэкIэ щхьэхуитащIагъэкьуэ.

Ильяр макъыхъу гуэрт, щхьэпэлъагъэт. Кнышебмы и псалъэм пищащ абы:

- Уахэзэгъэнущ, я пщIэр пльытэрэ уапэмыпсэлъэжьмэ. Хьэлэл защIощ, зигу хъэрэм илъ срихьэлIакъым сакъыщэрыхьыхь льанда- р. ТIыкIэм щIэлъ сыкъытхуэпсалъэ. Кнышебмыр зыбгъэдэсыр цIыхубз лъагъуэгъуафIэт - хэплъыхьри, кьэрагъэшат: «Мыр пхуэфащIу» - жиIэ. ЛъагъуэгъуафIэ кьудейтэкъым - цIыхубз жант, дэни нэсырт, и Iэри и пIэри увыIэртэкъым. ПIэм ирихьэлIэу дыгъури кьыхэкIуэсыкIащ дзэм - дамэкIэ кьахуихьащ щапсыгъэм, ар пщIантIэм дэлът. Псомк нэхьыфIэ яхуэхъуащ щIэх дыдэ, махъсымэ игъавзэрэ жаи хуэху иофэ, ефамэ, и фызым щыIэнэри мащIэкъым. Хасэм щагъэжьащ абы щхьэкIэ: «Уи щхьэгъуэсэм дяпэкIэ Iэпэ тепльхьэнщи, кьыпттехьынщ, абы уямызэтмэ, нэгъэущI кьодгъэшэнщ», - кьэжьащ. Iащ. «Ерэхьу, - жиIащ Илья, - фи дежьэ кьыщыщемыгъэкIэ, адыгэхэр я гугъу сыщыкьым». И цIэм щхьэкIэ пщIэ лей хуащIырт абы - Илья, адыгэхэр кьызэрещжьжкIэ, Елие, ар Щыблатъым и етIуанэщIэрт. Вы хуэдэ гуащIэхуэ хэлът Илья, жыIэнурамэ, дохьэрт: «Хьэрэ ущыщ?» - жысIэри сеупщIати, жэуапу кьызитараш: «Сэ сызыдыщымыщыр укIуэдэж, и пъэ зданэзэмыкIуэ - нэжакъым, ущыпльхьэхъэм сыкъыщыбгъуэтынкъым». Дзэм кьызэрыхьэкIуэсыкIам щыгъуазэ фысщIакIэщ, Дзэр ергъэзэпIэ хуэхъун и пэ, хэт ищIэрэ, щIэпхъаджагъэ мащIэ, илэжьагъэнкъым, Iэщхьэ щIыпIи кьыщиджэдыхьагъэнщ - апхуэдэр щымащIэ Урысейм!

Щыкьыпыр игъэжьхэу, Илья жьыбар Iэджэ сригъэдIуащ.

- ИльэситIкIэ хуэздзэ кьулыкъу зесхьащ, нэхъ белджылыуэ жыпIащ - Iэпыдзлъэпыда. Iэпыдадзэпыдз сыслъхуащIа капитаным и фэкIэ дзбгъуэн щыIэтэхьым, игукIэ щIапIэт арамбыл ящIи. И хьэпшыпым и ныкьуэр шым теслъхьэурэ, шым хуэмыIэтэр сэ пIлэкIэ хуэсхьыр. Верст тIощI тIкIымэ, сэ сэтхэм: - Зы гъэукIуирити, загъэпсэхурт, я гущIыIу дзгъэзэвэну. Сэ апхуэдэ хущIыхьэгъуэ сиIэтэкъым. ПIэм ирихьэшхэн, езгъэфэн хуейт. Абы сыкьыдэмыхуэрут, сэлэтхэр кьышащурти, дежьэжьын хуей хьурт. Джьмыуэ зыкъэ-ирихьэ, си щхьэр мэунаэз. Пхъэ гъури кьэсщыпын хуейщ - пщыхьэщхьэм мафIэ сщIын щхьэкIэ. Псы пхуэпIащ, сэлэтхэм кьыплпъагъэсыркъым, езыхэр Iугъуэльэхьащ. ЗытIэшыжаз я ужь укъинакъэ - - кьэзакъ ущыуэ ди ужь и к I ы р т э к ъ ы м , кьэттеплъэкъуэкIыртэкъым, дыкIуэсэн я гуГъэти.

(КъыкIэплъыкIэнущ).

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Къамылыкъуэдэсхэм я иджырей дерсхэр

«Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм къыпызыщэ зэIущIэр щекIуэкIыр Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэрат. Зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупым къуажэ дэлъэдапIэм деж къащыIущIащ шууейтI. КъуажэкIум нэсыху ягъэкIуэта нэужь, шым и щхьэр здиунэтIыр бысым ящI хабзэкъэ - Хьэщхъуэжьхэ я куэбжэпэм шууейхэр щыщепсыхым, хьэщIэхэри машинэм къикIащ.

АБДЕЖЫМ къэпщытакIуэ гупыр щрагъэблэгъащ къуажэдэс нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэхъуэш СулътIан, Дзэлыкъуэ куей администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ ЗэкIурей Хьэлий, ЕгъэджэныгъэмкIэ Дзэлыкъуэ район IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ Нэгумэ Лейла, методист Бостэн Люсенэ, районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и тхьэмадэ Къалэ Хъызыр, Къамылыкъуэ къуажэ администрацэм и унафэщI Къанкъул Алик, адэхэм, анэхэм я зэгухьэныгъэу къуажэм щыIэхэм я унафэщIхэу Къущхьэ Артуррэ Мэхъуэш Ларисэрэ, курыт еджапIэм и унафэщI МахуэлI Анжелэ, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр, адэ-анэхэр.

Куэбжэпэм щеувэкIа, адыгэ фащэр къызыщыпс сабийхэм хьэщIэхэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ, къамылыкъуэдэсхэм хьэщIэ зэрафIэфIри бысым телъыджэу зэрыщытри жаIащ, я нэхъыщIэ дыдэм деж щегъэжьауэ хабзэ зэрахэлъыр, хъуэхъу дахэ зэращIэр ягъэлъэгъуащ. Зы къуажэхь жаIэм хьэщIэхэм къащIэрэ кIуатэурэ куэбжэм нэса нэужь, ар къызэIуахри, хьэщIэхэр дашащ Хьэщхъуэжь зэщхьэгъусэхэу Заурррэ Раерэ. Къуажэм дэлъ гуфIэгъуэм и макъ иIэту пщантIэм щыIу пшынэ макъым хьэтиякIуэр я пашэу къыдэфащ ныбжьыщIэхэр. Гъуэгуанэ кIыхь тета хьэщIэхэм къалмыкъ шейрэ лэкъумкIэ Iэнэр къыхуаузэдри, хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ абдеж щызэрыцIыхуащ.

Егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм и къежьапIэ хъур, ныбжьыщIэм цIыху тэмэм къищIыкIыным къыщыщIидзэр сабий гъэсапIэракъэ?! Къамылыкъуэ дэт а IуэхущIапIэм, Токъубей Марие зи унафэщIым, къыщежьа Iуэху дахэм а махуэр гукъинэж ищIат. ЩIыхьэпIэм деж хьэщIэхэм шыгъупIастэкIэ къащыпежьащ щIалэ цIыкIурэ хъыджэбз цIыкIурэ, адыгэм зэрихабзэти, фIэхъус псалъэ екIу жаIэщ, фIыгъуэ куэд къаIуатэу хъуахъуэри я ныбжьэгъухэм хашащ.

А пщэдджыжьыр я махуэшхуэт цIыкIухэм. Фащэ дахэхэр зэкIупс пщащэ, щIалэ цIыкIухэр къеувэкIри сэлам гуапэ ирахащ ягъэхьэзырахэм еплъыну къахуэкIуахэм. Школым кIуэным зыхуэзыгъэхьэзырхэм яIурылъ адыгэбзэм и шэрыуагъыр щагъэлъэгъуащ. Ахэр гукIэ къеджащ хэкум, анэм, лъахэм, я къуажэм теухуа усэхэм. Къыщалъхуа, щапIа щIыпIэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - и теплъэр, и беягъыр, ис лъэпкъхэм яхуэдэ зэрыщымыIэр, IуащхьэмахуэхэкурысхэрихамэкъэралкъикIахэри къызэрыдихьэхым тепсэлъыхьащ бысымхэр. Абы теухуауэ ящIэ псори щIагъэбыдэжу гъэхуауэ жаIащ мыпхуэдэ псалъэжьхэр: «Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу», «Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэкужь сыщылIэ», «Хэку зимыIэм псори щIыIэ къыщохъу», «Хэкум емыкIу къылъысмэ, ущымысу тэдж», нэгъуэщIхэри. Дерсым щIэса балигъхэм зы дакъикъи зэшыну къахуихуакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIэблэм я бзэм и къабзагъым, хабзэр гъэзэщIэн зэрыхуейм теухуауэ ягъэлъэгъуа теплъэгъуэм, дахэу уэрэд зэрыжаIэм, я къэфэкIэм дихьэхыпат.

ЗэIущIэр къыщызэрагъэпэща пэшри екIуэкI Iуэхум хуэгъэпсат: абы щегъэувэкIат махуэ къэс сабийхэм яфIэщIэщыгъуэу зэрыджэгу хьэпшыпхэр, къызыхэкIа лъэпкъым и псэукIэр, зэхэтыкIэр къыщыгъэлъэгъуа адыгэ пщIантIэм и макет, гъэм и зэман екIуэкIым и нэщэнэу сытхъур къызыпих жыг, нэгъуэщIхэри.

НыбжьыщIэхэм я нэгу зыщрагъэужь, зыкъыщагъэлъагъуэ пэшым нэмыщIи, гъэсапIэм и унафэщI Токъубей Марие хьэщIэхэм яригъэлъэгъуащ къызэрыгуэкI махуэхэр сабийхэм щагъакIуэ, ахэр щыджэгу, щыжей пэшхэр. ЗыхэтщIэрт Марие и «IуэхущIапIэ цIыкIур» сыт щыгъуи къабзэу зэлъыIухауэ зэрыщытыр, гум зэрызыщигъэпсэхур, шхын IэфIхэр зэрыщызэрахьэр. Абы къокIуалIэ ныбжьыщIи 120-рэ, а цIыкIухэр зыгъасэхэр цIыху 12, абыхэм я дэIэпыкъуэгъухэр 6 мэхъу, пщафIэу цIыхуи 3 яIэщ. Гури псэри дэзыхьэх, щIэсхэм щхьэхуимыту ущызыIэпашэ сабий гъэсапIэм къыщIэкIыжри, кIэлъыплъакIуэхэм яунэтIащ абы къыбгъурыт курыт школым. ПщIантэм щеувэкIа ныбжьыщIэхэм екIуу ирагъэблэгъащ хьэщIэхэр. Еджэным къахудэхуэ зэманыр цIыкIухэм пщIэншэу зэрамыгъэкIуэдыр наIуэ къищIырт еджапIэм и кIэлындорым щрагъэувэкIа гъэлъэгъуэныгъэм. Зы плIанэпэм щыплъагъурт адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, хабзэм, бзэм, лъэпкъ тхыдэм теухуа тхылъхэр зэрыт тхылъхэр. «Мэлэчыпхъухэм я хъарыбэ» зыфIаща плIанэпэм гур хигъахъуэрт. Цы Iуданэм хъыджэбзхэм къыхамыщIыкIа хьэпшып щымыIэжми ярейт. Абдежт пщащэ зыбжанэм Iуданэ цIу зэмыфэгъухэр къагъэсэбэпурэ удз гъэгъахэр щызэIуащэри. Апхуэдэу адыгэ лъэпкъым и блэкIа жыжьэм ухэзышэж плIанэпи щыIэт: ди адэжьхэм пасэ зэманым зэрахьэу щыта пхъэпс, тхъууалъэ, ерэч, цыпх, бдзы, пхъуантэ, уэздыгъэ фIэдзапIэ, гъуджэ хуэдэхэр щызэхуэхьэсат. Хъыджэбзхэм я IэпщIэлъапщIагъэр, тхыпхъэщIыпхъэхэр дахэу зэрыхадыкIыр, ар щыгъынхэм зэрытрагъэзагъэр къызэрагъэлъагъуэм пэджэжырт щIалэхэм пхъэм къыхащIыкIа хьэпшыпхэмрэ пхъэм къыхагъэсыкIа дамыгъэхэмрэ. Школым къекIуалIэхэм я лъэпкъ дамыгъэхэр щызэхуэхьэса пхъэбгъуми къыбжиIэрт бысым жылэм пщIэ зиIэ лъэпкъыжьхэр зэрыдэсыр, абыхэм я блэкIам школакIуэхэр зэрыщыгъуазэр.

Апхуэдиз хъугъуэфIыгъуэр щызэхуэхьэса кIэлындорым къыпыт пэшхэрат щIэныгъэ щызрагъэгъуэтри, къэпщытакIуэхэм гупитIу загуэшри адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ, школ унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ КIэмпIу Iэсиятрэ пэщIэдзэ классхэр езыгъаджэ Выкхъэ Амыдэрэ я дерсхэм щIыхьащ.

КIэмпIу Iэсият 8-нэ классым щита дерсым лъабжьэ хуэхъуар Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэрт. КIыщокъуэ Алим и «Насып щIэкъуныр – арщ насыпыр» псалъэхэр пэублэ зыхуищIа дерсым куэд къызэщIригъэубыдащ егъэджакIуэм. Нобэ уафэр къащхъуэу, щIылъэр щхъуантIэу, дунейр мамыру щыт пэтми, тхыдэм и напэкIуэцIхэм абы зыкIи емыщхь лъэхъэнэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуар еджакIуэхэм яжриIэри, ар я нэгу къызэрыщIэувэн зы теплъэгъуэ еплъыну Iэмал яритащ.

«Дахэнагъуэ» пьесэр гъэкIэщIауэ ягъэлъэгъуащ пьесэм и купщIэр къазэрыгурыIуэр жаригъэIащ. Ар щызэпкърахым еджакIуэхэм щIэныгъэ куу зэраIэр къигъэлъагъуэрт адыгэ джэгуакIуэхэм я цIэхэр къызэрыраIуам (Агънокъуэ Лашэ, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Абазэ Къамбот сымэ), пщылIыпIэр щыкIуэдыжа гъэхэр IупщIу зэращIэм, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэу цIыкIухэр къеджащ Дахэнагъуэ и теплъэр къызыхэщ сатырхэм, хэт и роль нэхъ ягу ирихьами, абы и щхьэусыгъуэри жаIащ, Дахэнагъуэ зрагъэщхьхэр щапхъэу къахьащ, тхыгъэр сценэм зэрыхуэгъэпсар, лъэпкъ театр гъуазджэм зиужьынымкIэ мы пьесэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхагъэщащ.

Дерсым темэ хуэхъуарати, ныбжьыщIэхэм ягу къагъэкIыжащ насып псалъэм и мыхьэнэр, ар хъуэхъухэм, фIэхъусхэм хэту куэдрэ адыгэм къызэригъэсэбэпыр.

Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI КIэмпIу Iэсият иригъэкIуэкI дерсым иджырей технологиехэр къыщигъэсэбэпри, «скайп»-м и IэмалымкIэ Нарткъалэ дэт 6-нэ курыт еджапIэм и 8-нэ классым щIэсхэм запищIащ. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Къущхьэ Ритэ и гъэсэнхэмрэ КIэмпIу Iэсият иригъаджэхэмрэ насыпым и купщIэмрэ ар къазэрыгурыIуэмрэ теухуа я гупсысэхэмкIэ зэхъуажэрт. Ар щIэщыгъуэт икIи гъэщIэгъуэнт езы еджакIуэхэм я дежкIи.

ЦIыхур насыпым сыт щыгъуи щIэкъун зэрыхуейр жиIэри, егъэджакIуэм и дерсыр зэхуищIыжащ КIыщокъуэ Алим и «Насып» усэмкIэ.

3-нэ классым щIэс цIыкIухэм я егъэджакIуэ Выкхъэ Амыдэ мураду зыхуигъэувыжат еджакIуэхэм я щIэныгъэмрэ я акъылымрэ я зыужыкIэр къэхутэныр, я бзэм зегъэужьыныр, езыр-езыру лэжьэфу, зэрагъэпщэфу, гупсысэ нэхъыщхьэр къагъуэтыфу, утыкум итыфу, я гум илъыр адыгэбзэ къабзэкIэ къаIуэтэфу егъэсэныр. Абыхэм Амыдэ яжриIащ зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр, джэгукIэхэр, гушыIэрыпсалъэхэр адыгэхэм куэд дыдэ щIауэ къазэрыдэгъуэгурыкIуэр. Дерсыр джэгу-зэпеуэ щIыкIэм тету ухуа хъуати, ныбжьыщIэхэм гупитIу загуэшащ – зы гупыр Мыщэм, 11-нэ классым щIэс ныбжьыщIэхэм. Актер IэщIагъэм хурагъаджэ хуэдэ, къалъыса ролхэр къызыхуэтыншэу гъэзэщIа зэрыхъуным егугъуащ школакIуэхэр.

ЦIыхубэр игъащIэ лъандэрэ насыпым щIэхъуэпсу, а зыщIэхъуэпс гъащIэ дахэр къызэрысынур и фIэщ хъууэ, гузавэу, гузавэми, нэхъыфIым щыгугъыурэ къэгъуэгурыкIуащ. Къэбэрдей тхыдэм ещIэж Джэримэс хуэдэ Iэджэ, езыхэр къулейсызми, гушхуэ якIуэцIылъу, бэнэныгъэ хъуамэ - шыщхьэмыгъазэхэу, цIыхубэм насып къехьулIэным я псэр щIатыну хьэзыру щытахэу. Насыпыр тыншу зыми игъуэтыркъым. Насыпыр бэнэныгъэрщ. - Апхуэдэ гупсысэхэмкIэ егъэджакIуэр и гъэсэнхэм ядэгуэша нэужь, етIуанэ гупыр Бажэм я телъхьэу. Гуп къэс анэдэлъхубзэмкIэ, дунейхэгъуазэмкIэ, литературэмкIэ къэхутакIуэхэр яIэти, ахэри я къалэнхэм пэрыхьащ. Мыщэмрэ Бажэмрэ ятеухуа гушыIэ уэрэд цIыкIухэр жаIа нэужь, ахэр зихуэдэ псэущхьэхэр, абыхэм я цIэхэр цIыхухэм цIэ лейуэ щыфIащ къызэрыхъур жаIащ школакIуэхэм. АдэкIэ ныбжьыщIэхэр зэпеуащ зи гугъу ящI псэущхьитIым ятеухуауэ ящIэ псалъэжьхэмкIэ, псынщIэрыпсалъэхэмкIэ, къуажэхьхэмкIэ, абыхэм ятеухуауэ адыгэ литературэм хэт тхыгъэхэм я фIэщыгъэцIэхэмкIэ. Апхуэдэуи егъэджакIуэм къигъэлъэгъуа гупсысэхэр – «бажэм хуэдэу Iущщ», «мыщэм хуэдэу хуэмщ» зыхужаIэхэм ятеухуа псалъэмакъ убгъуа ирагъэкIуэкIащ.

Зэпеуэр зэхуащIыжащ КIыщокъуэ Алим и «Бажэ пшынэм» хэт джэгумкIэ – ныбжьыщIэхэм ягъэлъэгъуащ абы щыщ пычыгъуэ.

Дерсым и кIэухым фIыщIэ хуащIащ цIыкIухэм зыщагъэхьэзырым къадэIэпыкъуа адэ-анэхэм.

ЦIыкIухэм я жыджэрагъым нэжэгужэ къищIа къэпщытакIуэхэр къыкIэлъыкIуэ дерсыр щекIуэкI пэшым щIыхьэну щыкIуэм зрихьэлIар зыпэмыплъат. Къамылыкъуэдэсхэм я щIэблэр зэрыIущыр, адыгэбзэр шэрыуэу зэраIурылъыр, еджэным, щIэныгъэм ягу зэрыхуэкъабзэм гу лъата пэтми, ягъэщIэгъуащ класс нэхъыщIэхэм щIэс еджакIуэ гуп псынщIэрыпсалъэхэмкIэ зэпеуэу кIэлындорым зэрытетыр. «И бзэр хуэкъутащ» жыхуаIэрати, псынщIэрыпсалъэхэр «къажьэдэлъэлъырт», зым жиIар адрейм къытримыгъэзэжыным егугъупэу, я щхьэр яубыдрэ гупсысэу, къащIэжар епIэщIэкIыу утыку къихьэрэ жаIэу щыплъагъукIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым.

Школ библиотекэри тхылъкIэ, газеткIэ, журналкIэ къулей дыдэт. Тхьэбысым Нэкурэ зи унафэщI а библиотекэм тхылъу щIэлъыр зэгъэзэхуэпауэ, республикэм къыщыдэкI псори щызэхуэхьэсауэ апхуэдэт. Псом хуэмыдэу ди гуапэ хъуащ «Адыгэ псалъэм» и къыдэкIыгъуэхэм зэрыкIэлъыплъыр. Адыгэ уэрэдыжьхэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, адыгэ таурыхъхэм, IуэрыIуатэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ газетым къытехуэ псори зэхуихьэсурэ папкэ щхьэхуэм дэлъу зэрехьэ илъэс 28-рэ хъуауэ а IэнатIэм пэрыт Тхьэбысым Нэкурэ. Ар хуабжьу сэбэп яхуохъу школым щылажьэ егъэджакIуэхэми, яфIэгъэщIэгъуэну щIыхьэурэ йоджэ школакIуэхэри.

Иужьрейуэ къэпщытакIуэ гупыр ирагъэблэгъащ класс щIыб лэжьыгъэм. Ар къызэIуихащ школым и къэфакIуэ гупым. «ДогъэлъапIэ ди бзэр - къыддалъхуащи! ДоIэт лъагэу Хэкур – дыщалъхуащи!» зыфIаща зэIущIэм къыщыфащ, усэхэр щыжаIащ «Дыгъэ шырхэр» ансамблым хэтхэм. Утыкум щыIуащ зауэр зэрыгущIэгъуншэм, бзэм, анэм, адыгагъэм, нэмысым, бзылъхугъэм ятеухуа гупсысэхэр, усэхэр. Сабийхэр къеджащ Къамылыкъуэ курыт еджапIэм куэдрэ щылэжьа Къанкъул Адмир я къуажэм теухуауэ итха усэм, «Унагъуэ насып» теплъэгъуэр ягъэлъэгъуащ класс нэхъыжьхэм щIэс щIалэгъуалэм.

«Джэгур къафэкIэ щIедзэри, уджкIэ еух», - жиIащ пасэрейм. «Бгырыс щIэблэ» гупым зэхаша джэгурщ Къамылыкъуэ курыт школыр «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм зэрыхэта Iуэхугъуэр зэриухар.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Прохладнэ къалэ

ЩIалэгъуалэм и жыджэрагъым зеужь

Прохладнэ къалэм и бизнес-инкубаторым щызэхэтащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым и мыгъэрей япэ зэIущIэр.

АБЫ щытепсэлъыхьащ цIыхухэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, ахэр спортым хэшэнымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ щIалэгъуалэм я жыджэрагъым хэгъэхъуэным политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм щагъэзащIэ мыхьэнэмрэ теухуа Iуэхугъуэхэм. Къалэ администрацэм и унафэщI **Пархоменкэ Юлие** къыхигъэщащ жылагъуэ советхэм IуэхуфI куэд зэрызэфIахыр. Ахэр щы мэхъури, щIыпIэ самоуправленэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ IэнатIэхэм я IуэхущIафэр цIыхухэм къазэрыщыхъур зэрагъащIэ. КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и псалъэхэр и тегъэщIапIэу, абы къигъэлъэгъуащ цIыхухэм епсэлъылIэн, упщIэ «ткIыбжьхэм» щымышынэу пэжу жэуап иратын зэрыхуейр.

Сабий минрэ щитхум нэблагъэ щеджэ къалэм и спорт еджапIэхэм я унафэщIхэу **Ольховский Валерэрэ Луконин Юрэрэ** зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ я гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэмрэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэмрэ. Советым хэтхэм къыхагъэщащ физкультурэмрэ спортымрэ я деж хъарзынэу зэрызыщаужьыр, абы и лъэныкъуэкIэ школ программэхэр зэрырагъэфIакIуэр. ЦIыхубэ-спорт Iуэхугъуэхэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуащIыпхъэри къагъэлъэгъуащ. Промышленнэ предприятэхэм, организацэхэм, IуэхущIапIэхэм, бизнес-зэгухьэныгъэхэм я лэжьакIуэхэр зыхэтыну Спартакиадэр къыдэхыжыным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмым ветеранхэм, цIыхубзхэм я советхэм, «Урысей зэкъуэтым» и ЩIэблэщIэ гвардием, политикэ партхэм я щIыпIэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр гуапэу пэджэжащ. ЩIэблэщIэ гвардием, «Урысей зэкъуэтым», ЛДПР-м я щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэу **Танэ Алим, Кесель Михаил, Нестеренкэ Сергей** сымэ къапэщыт къалэнхэм тепсэлъыхьащ. КъБР-м и Парламентым и депутат **Гриневич Валерэ** къыхилъхьащ къалэм щыIэ политикэ парт псоми я лIыкIуэхэр мазэ къэс зэхуагъэсыну, щIалэгъуалэмрэ жылагъуэмрэ зэкъуэзыгъэувэ Iуэхугъуэхэр къызэрагъэпэщыну.

ЗэIущIэм и кIэухым щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм лъэIукIэ захуигъэзащ къэралым и президент, щIыпIэ самоуправленэм и совет хэхыныгъэхэу гъатхэпэм и 4-м зэхэтынум цIыхухэр тэмэму екIуэлIэн папщIэ, абыхэм жыджэру ядэлэжьэну.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Егъэджэныгъэ

Чэнджэщ хуэныкъуэ адэ-анэхэм папщIэ

НАЛШЫК дэт сабий гъэсапIэхэм мы зэманым йокIуалIэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысауэ къалащхьэм дэс сабийхэм я процент 95-р. Апхуэдэ IуэхущIапIэхэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ кIуэну Iэмал зимыIэ цIыкIухэри гулъытэншэ хъунукъым: ахэр школым хуагъэхьэзырынущ абыхэм папщIэ къызэIуах чэнджэщапIэхэм.

«Школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлэжьэныр егъэфIэкIуэн» къалэ программэм ипкъ иткIэ, Налшык и куей къэс къыщызэIуахынущ зи бынхэр сабий садхэм мыкIуэ адэ-анэхэм папщIэ чэнджэщапIэхэр. Ахэр щылэжьэнущ щIыпIэм хиубыдэ сабий садхэм е прогимназиехэм, - жеIэ егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым и лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Щомахуэ Ларисэ. - Адэ-анэхэмрэ абыхэм я сабийхэмрэ цIыкIухэр школым зэрыхуэгъэхьэзырыпхъэ мардэхэм теухуауэ ядэлэжьэнущ гъэсапIэхэм я IэщIагъэлIхэр, егъэджакIуэхэр.

2002 - 2004 гъэхэм апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр щагъэунэхуауэ щытащ прогимназие №71-м, сабий сад №48-м. Абы щыгъуэ адэ-анэхэм фIыщIэшхуэ ящIауэ щытащ я бынхэр хуэфэщэну школым хуэхьэзыр зэрыхъуам папщIэ. ЧэнджэщапIэхэр адэ-анэхэми сабийхэми мы гъэми сэбэп яхуэхъунущ.

БЕКУЗАР Юлие.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Нартан къуажэм щагъэлъапIэ ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрырикъур. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлIащ Къалмыкъ Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Кугультинов Давид, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Балъкъыз Михаил, Шэджэм районым и Iэтащхьэ Мамбэт Михаил.

● Футбол

Иужьрей зыгъэсэныгъэхэм щIадзэ

Дыгъуасэ «Спартак-Налшыкыр» Тыркум кIуащ иужьрей, ещанэ, зыгъэсэныгъэхэр абы щригъэкIуэкIыну. Нэхъапэми здэщыIар аращ.

ИУЖЬРЕЙ зыгъэсэныгъэм къриубыдэу налшыкдэсхэм я тренерхэм зэрытраухуамкIэ, мазаем и 23-мрэ 26-мрэ ди командэм зэIущIэ тIурытI иригъэкIуэкIынущ. Япэ махуэм и шэджагъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр пэщIэтынущ Норвегием и етIуанэ дивизионым хэт «Мосс»-м. Пщыхьэщхьэм «Спартак-Налшыкыр» дэджэгунущ Украинэм и Луганск къалэм и «Заря»-м.

Абы и ужькIэ, махуищ дэкIмэ, налшыкдэсхэр IущIэнущ Латвием и чемпионатым еханэ увыпIэр щызыIыгъ Лиепае и «Металлург»-мрэ Украинэм и «Севастополь»-мрэ.

Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэм къищынэмыщIауэ кIэух зэIущIэм футболистхэр щелэжьынущ я Iэзагъыр егъэфIэкIуэным, тактикэщIэхэр зэгъэщIэным.

Тыркум зыщагъэса и ужькIэ «Спартак-Налшыкыр» и унэ къемыкIуэлIэжу, занщIэу Новгород Ищхъэрэ кIуэнущ. УФ-м и и чемпионатым ипкъ иткIэ гъатхэпэм и 3-м ди щIалэхэр абы и «Волга» командэм IущIэнущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● БэнэкIэ хуит

Гуэщокъуэ Зубер гуп къыхэхам ираджэ

Мазаем и 15 - 17-хэм Москва щекIуэкIащ фIыуэ зэхэзымыххэм бэнэкIэ хуитымкIэ я урысейпсо чемпионат. Абы дыжьын медаль къыщихьащ Гуэщокъуэ Зубер.

ФИНАЛ ныкъуэ зэIущIэм илъэс 26-рэ зи ныбжь Гуэщокъуэм щыхигъэщIащ 2011 гъэм Европэм и чемпион хъуа щIалэр. Чемпионатым къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэр къалъытэри, ди бэнакIуэр УФ-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Илъэсий хъуауэ ар ягъасэ Iэщнокъуэ Мухьэмэдрэ Бозиев Исхьэкърэ.

Мы махуэхэм Гуэщокъуэм зыхуегъэхьэзыр Болгарием щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сирием къикIыжынухэм фадэIэпыкъуну фыхуеймэ

Зи хэкум къэкIуэжыну мурад зыщIа ди лъэпкъэгъухэм зэрызыщIагъэкъуэн мылъку зэрыхуейм къыхэкIыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм жэрдэм къыхилъхьащ къэзыгъэзэжахэр дэIэпыкъунымкIэ фонд къызэрагъэпэщыну икIи абы папщIэ ДАХ-м и счетыр къагъэсэбэпынущ. ЩытыкIэ гугъум къихута ди лъэпкъэгъухэм зыщIэзыгъэкъуэнухэм ахъшэ ирагъэхь хъунущ мы счетым:

Юридическэ хэщIапIэр:
360000, Урысей, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къ., ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрам, 6
ИНН 0721002124
КПП 072101001

Къэбэрдей-Балъкъэр «БУМ-БАНК» ООО
Налшык къ., Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 62
Счет №40703810720000000701
К/С №30101810100000000749
БИК 048327749
ИНН 0711007268
КПП 072101001
валютнэ ($)счет:
Къэбэрдей-Балъкъэр «БУМ-БАНК» ООО
Налшык къ., Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 62,
Счет №40703840020000000701
К/С №30101810100000000749
БИК 048327749
ИНН 0711007268
КПП 072101001

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленинымрэ цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (*3, 4-нэ нап.*), Щоджэн Иннэ (*1, 2-нэ нап.*), *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэхъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 4.960 ● Заказ №513